


MWARI VAKAPFUMA NETSITSI

 Mungagare henyu pasi. Ndanga . . . kana kuti ndangotorwa, ndichipinda ndichiona Hama Moore nevamwe vose vari pano papuratifomu, shamwari dzandakaziva kwemakore akawanda kwazvo. Zvirokwazvo iropafadzo kuvaona pano manheru ano. Ndinonzwa sekuva mudiki kumira pano ndichitaura nevadzidzi vebhaibheri vakadaro vari kumashure kwangu, uye zvichida vachandigadzirisa kana ndakanganisa. Ndinovimba kudaro.

² Tinofara zvikuru manheru ano kuva nemumwe munhu pano, Hanzvadzi Rose. Tanga tichidzika . . . Ndanga ndiina Hama Shores nemubatidzani wavo, nhasi, tiri pakudya kudiki kwemasikati. Zvino tiri munzira tichidzika, Hama Williams vati Hanzvadzi Rose vanga vachirwara zvikuru. Zvino tapinda kuti tinoona kwekanguva, tikapfugama. Zvino vanga vaine fivhiri yakakwira, uye vachirwara chaizvo. Nemashoko mashoma bedzi emunamato, uye Ishe ndokutaura nesu, ndokuti, “Vachapodzwa.” Vakati, “Vachange varipo mangwana manheru,” vakadaro. Uye hevanoi ava manheru ano, vakagara ipo pano. Ndizvozvo.

³ Hanzvadzi Rose, simukai kwekanguvana, kuitira kuti ivo . . . Tinotenda Ishe. Vakanga vasingagoni kumuka pamubhedha. Vakati, “Dhi—dhiyabhore akangondiwisira pasi pane zvese. Ndakauya kuno ndikave nekunetsekana kwemuviri nazvo,” imwe mhando yechirwere chepahuro, nezvimwe zvakadaro. Asi Ishe vakavakundisa, saka nokuda kwazvo tinofara. Tinotenda Ishe vanodikana!

⁴ Zvino tange tichiva nenguva dzakanaka. Uye mangwana manheru, zvino, tinoenda uko kura—Ramada. Uye musakanganwe zvino, hausi kuzova pano mangwana manheru, uchange uri kuRamada. Uye konivhenisheni inotanga manheru anotevera. Muchatoti mufanirewo kutsungirira neni husiku humwezve, munoziva.

⁵ Saka manheru apfuura nda—ndakanyanya kurebesa, ndakaita sekakuzvivimbisa pachangu, kutanga kwegore, kuti ndichadimbura Mharidzo idzodzo kubva pamaawa 3 kana 4, 5, zvichida kusvika pamaminitsi angangoita 30 kana 40. Uye sezvandakakuudzai manheru apfuura, mudzimai wangu akandiudza neSvondo, akati, “Waita zvakanaka chaizvo.” Saka—saka zvino, hongu, ndakazouya nezuro manheru ndokuzvihiringa, munoona. Asi ndakatora maminetsi 55, pachinzvimbo che 30, manheru akapfuura.

⁶ Ndichiuya, manheru ano, Billy ati, “Muri kuzotaura pamusoro pei?”

7 Ndati, “Zvinoka, ndine zvinyorwa zvishoma zvakanyora pano, nemamwe Magwaro. Handizivi, mamwe acho, Mharidzo 4 kana 5 dzakasiyana.” Ndati, “Ndozonzwa kana ndadzikako, uye ndoona zviru kuitika.”

8 Akati, “Makavimbisa kuti muchanamatira vanhu vose avo vanorwara.”

Ndikati, “Hongu, changamire. Makadhi mangani aunawo?”

Akati, “200.”

Ndikati, “Zviru nani nditange paari, manheru ano.”

9 Uye akati, “Zvino rangarirai, munongova nemaminetsi 15 chete ekutaura.” Akati, “Makatora mamwe acho manheru apfuura.” Tinofanira kukurumidza, handifanirwe here?

10 Zvino, takaita vimbiso kwamuri, kuti taizonamatira vanhu ivavo vane makadhi okunamatirwa, uye tino—tinosungirwa kuvimbiso, ndizvo. Hatikwanise kuvaunza vese nemumitsara iyi, uye ini handikwanise kuvadaidza mumwe nemumwe, uko muungano. Kunyange zvazvo Mweya Mutsvene waizondipa, ini—ini handitongogoni kumira ndichizviita. Zvakangondinyanyira zvikuru. Uye, asi isu tose tinoziva zvinhu izvozvo. Tinoziva kuti Mwari vachiri Mwari. Hazvisi izvozvo zvinopodza. Ndeizvo chete zvinovaka kutenda, kuti tizive kuti—kuti tiri muHupo hwaVo.

11 Uye tiri, manheru ano, kuzonamatira avo vanhu vose vanorwara, mumwe nomumwe wavo ane makadhi iwayo okunamatirwa, kuti anamatirwe. Uye zvakare mangwana manheru, ikoko kuRamada, tichaedza kupa mamwezve totanga kuvanamatira ikoko, nokuti ndichine mangwana manheru. Uye ndinofunga ndine husiku humwe hwekonivhenisheni, zvichida nekudya kwemangwanani zvakare. Zvinoenderana nekuti zvinhu zvinobuda sei.

12 Kune vamwe, mumwe wevatauri asina kuuya; haasati nazvino, handifungi. Hama Humburg, kana kuti ndi... [Imwe hama inoti, “Amburgy.”—Mupepeti] Amburgy, Amburgy, Kash Amburgy. Saka ndi—ndinongorikanganisa, izita rechJerimani. Ndi—ndinofunga kuti chiJerimani. Saka ndingazongofanirawo kuita sabhu wavo, sekudana kwatinozviita, regereraiwo chitaurwa chacho, ndakavamiririra.

13 Saka tanga tichiva nenguva inoshamisa munaShe, kunyange zvakadaro. Kunemi mose, kana paine vaenzi pano manheru ano, zvirokwazvo tinofara kuva nemi muno, uye tovimba kuti Ishe vachakuropafadzai. Ndinonamata kuti pasave nevanhu vanorwara muchivakwa patinobva manheru ano, kuti Ishe vedu vachadzika nesimba raVo guru uye vozopodza vose vanorwara nevanotambudzwa.

14 Pano imwe nguva yakapfuura, ndaiwanzatora vanhu muhurukuro dzakatsaurwa, dzimwe dzenyaya dzakaoma

dzataisakwanisa kugadzirisa. Zvino vakabva vawedzera kuwanda, kusvika zvasvika pekuti, Ishe vakaramba vachizviropafadza, kusvikira tawana 3 kana kuti 400 vakamirira, uye saka zvino vanhu vanozorwadziwa nekuti vaizomirira. Pamwe, panguva yakareba kudaro, unotozofanira kumirira pamwe gore kana 2, kuti upinde mairi, munoono, pachingova pakati pemisangano, pokuvaunza pahurukuro. Uye taizongogara tomirira panaShe kusvikira Vatiudza nyaya yacho chaiyo.

¹⁵ Hapana kupokana kuti pane vanhu vagere pano manheru ano vanga vari pahurukuro dzakatsaurwa idzodzo. Varipo here? Ngationei muchisimudza maoko enyu. Vari pahurukuro dzakatsaurwa. Hongu, havo vakagara, saka, uye vanoziva kuti ichokwadi. Tinongomirira kuti tione kuti Ishe vanozoti kudii, kuti nyaya yacho. . . Uye zvakare ndakatozozvimisa pano imwe nguva yapfuura. Ndakaudza Billy kuti hatichakwanisa kuvazve nehurukuro dzepachivande.

¹⁶ Munoono, ndi—ndi—ndichangopfuura 25, nguva pfupi yadarika, kechipiri, uye ndave kuenda kumusoro-soro kune kechitatu. Uye saka paunowedzera kuti kurei zvisihoma, handiti, hau, iwe. . . neimwe nzira haugone kuita sezvawaisimboita. Nhanho dzako dzinoti pfupikei. Uye—uye, hongu, Hama Moore havasati vaziva chinhu pamusoro pazvo nazvino. Ivo. . . Ndinofunga kuti tiri pazera rakada kufanana.

¹⁷ Asi mvura zhinji yakapfuura nemurwizi kubvira imi neni, uye naHama Brown takauya pano kekutanga, naHama Outlaw naHama Garcia, uye naHama Fuller. Handizivi kuti varume ava vangave vari muno here manheru ano? Hama Garcia, Hama Fuller, Hama Outlaw, vari pano here? Simudzai maoko enyu kana muripo. Hongu, havo Hama Fuller, ndinotenda, kana ndisiri kukanganisa. Hama Outlaw vari neche apa. Hama Garcia, ndi—ndinotenda kuti vakabva muPhoenix. Ndinofunga kuti ndizvozvo. Ivo—ivo vakabva muPhoenix, uye vari kuCalifornia. Handiti, zvirokwazvo akanga ari mazuva akanaka, uye ndichiri kutenda Mharidzo imwe chete yandaiva nayo ipapo, “Jesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi.” Ndinofunga kuti angangove aive. . . Zvino, Becky akanga ari mucheche. Angangoita makore 19.

¹⁸ Uye zvino ave musikana muhombe, akura, akafuta, akanyangara akagara uko pane imwe nzvimbo, ane makore 19 okuberekwa. Uripa, Becky? Vakomana, achandiona nokuda kwaizvozvo. Ndinorangarira ndakamutakura paruoko rwangu. Ndingave chokwadi nebasa guru rekuita izvozvo manheru ano.

¹⁹ Ndinorangarira kuchechei kwaHama Garcia humwe husiku, akanga ari kasikana kaduku-duku. Ini ndikati, “Tine musangano wepasi rose manheru ano.” Ndakati, “Ndiri kutaura nemaSpanish.” Ini ndikati, “Mudzimai wangu pano

muJerimani.” Ndikati, “Ndiri murume muIrish.” Uye ndikati, “Uye mwanasikana wangu mudiki muIndia,” zvino aiva Becky.

²⁰ Saka pandakabuda pamusuwo wekumashure, paiva nekamwe kasikana kekuMexico kunze ikoko, kakati, “Hama Branham!”

Ndakati, “Hongu, mudiwa, unodei?”

Kakati, “Hamufungi here kuti mwana wenyu akati chenurukei, kuti ave muIndia?” Ane vhudzi rakati chenurukei, munoziva.

Ini ndikati, “Angori muIndia pamabasa.”

²¹ Zvino, tinotenda, kuti, tiri pano zvakare manheru ano. Zvino tisati tasvika kuShoko, ngatiswederei kwaVari, nokuti iVo iShoko. Kana Shoko raratidzwa, ndiVo vari mauri.

²² Seyatakava nayo manheru apfuura pamusoro pe*Mbeu Yenyonganiso*, makaifarira here iyoyo, Ishe vachiropafadza? Zvirokwazvo nda—ndakafara kuunza Mharidzo yacho kwamuri. Uye ndokuona kuti mbeu dzacho chii.

²³ Zvino pane chikumbiro chakatsaurwa here manheru ano, chimwe chinhu chakatsaurwa? Zvichida vamwe venyu mose muchange muri mumutsara wekunamatirwa uyu, iti, “Mwari, ivai netsitsi. Pandinouya kuzonamatirwa, kutenda kwangu ngakusimuke kuenderane nemamiriro ezvinhu.” Uye—uye zvichida mumwe munhu ane mudikani, anorwara, nezvimwewo. Ungasimudze ruoko rwako here kuti Mwari vangotarisa pasi uye voti...Zvino kana izvo...Hauzive kuti zvinoita kuti ndinzwe sei kutarisa ipapo. Ingotarisai zviri kudiwa mukati muno! Hama vashumiri, ingoonaiwo izvo. Maona? Zvino, kana zvichindiita kuti ndinzwe saizvozvo, ko zvinoita sei kuna Baba vedu? Zvirokwazvo.

Zvino ngatinamatei.

²⁴ Jesu anodikanwa, tave kusvika zvino paChigaro chehumambo chikuru chetsitsi, kubudikidza neZita iri rakazvikwanira. “Nokuti hakuna rimwe Zita rakapihwa pakati pavanhu ratinofanira kuponeswa naro, asi Zita iri raIshe Jesu bedzi.” Uye tiri kuuya muZita raKe. Uye tinonamata, Baba voKudenga, kuti Mutigamuchire, manheru ano, sevana veNyu vanotenda. Uye regererai kusatenda kwedu, Ishe. Batsirai manheru ano, kuti zvigova izvo kuti tichatenda zvakazara Shoko rose raMwari manheru ano, pazvinhu zvose zvatinoshuvira.

²⁵ Munoziva zviri pasi pemaoko aya asimudzwa; pane hurwere, vamwe vacho vanogona kunge vari matambudziko emumba, vamwe vacho matambudziko emari, vamwe vavo vakaneta, zvichida vamwe vakadzokera shure, mumwe mutadzi. Chero chingave chii chinodiwa, Imi munogona nokupfuurisa kupikisa chero muvengi. Saka tinonamata, Ishe, kuti—kuti manheru ano, kuti tichacherechedza kuti vavengi vedu, mumwe nomumwe,

akundwa, kunyange nerufu pacharwo. Uye kuti tiri vakundi nokupfuurisa muna Iye A—Akatida uye akaZvipira nokuda kwedu, akatisuka muRopa raKe.

²⁶ Tinonamata, Ishe, kuti kusatenda kwese, kupokana kwese, kunetseka kwese, zvese zvisina kufanana naMwari, zvitize kubva patiri manheru ano, kuti Mweya Mutsvene ugova nemukana wokuva mumwoyo yedu. NgaUtaure kwatiri nenzira dzisinganzwisike. NgaUtaure nesu muSimba raWo. Dai Ukamutsa avo vaka—vakafa pamweya, wodzosera hutano kune avo vanorwara nevanotambudzwa, usimudze mabvi akaneta, maoko akaneta akaremba. Uye dai pave nenguva yekupemba.

²⁷ Dai zvatanga manheru ano, Ishe, zvobva panzvimbo ino kuenda kuRamada Inn, uye zvonotanga imwe yemakonivhenisheni makurusa ati amboitwa muguta rino. Ishe, apo patinenge takaungana pamwe chete uye tichinamata! Makati, “Kana vanhu vanodaizwa neZita raNgu, vakaungana pamwe chete vonamata, zvino ndichanzwa kubva Kudenga.” Mwari, tinonamata kuti zvidaro, manheru ano.

²⁸ Zvino, Baba, patiri kuverenga Shoko, hapana angaRidudzira kunze kweNyu, iMi muri Mududziri weNyu pacheNyu, uye tinonamata kuti Muchadudzira kwatiri zvinhu zvatinoverenga manheru ano. Nekuti tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

²⁹ Zvino kana, vazhinji venyu muchida kungonyora pasi Magwaro anoverengwa nemushumiri, uye ndinoda kuti imi, manheru ano, kana mukadaro, muvhure kuna VaEfeso.

³⁰ Uye ndakanga ndichitaura Svondo yapfuura nezveVaEfeso, kuti Bhuku raJoshua raiva VaEfeso vemuTestamende Yekare, uye kuti rakanga riri Bhuku rerudzikinuro.

³¹ Uye rudzikinuro rwune zvikamu 2 zvakasiyana: “kubuda kubva” uye ne “kupinda mune.” Kutanga, unotofanirwa kubuda. Vamwe vanhu vanoda kuunza nyika pamwe chete navo; asi unofanira kubuda munyika, kuti upinde muna Kristu. Unofanira kubuda mukusatenda, kuti upinde mukutenda. Hapagoni kuva nechinhu chimwe munzira yako. Kutu chaizvo uve nekutenda kwechokwadi, unofanira kusiya zvachose zvose zvinopesana neShoko raMwari, kumashure, kuti upinde mukutenda.

³² Zvino ndiro rakanga riri Bhuku raVaEfeso remuTestamende Yakare, Joshua. Apo, Mosesi aimiririra murairo, hapana waaigona kuponesa; asi nyasha dzaigona, uye pano *Joshua* ndiro shoko rimwe chete saJesu, “Jehovha-muponesi.”

³³ Uye zvino ipapo, tinoona kuti tasvika kune vamwe VaEfeso, imwe Efeso zvino. Apo, zvokuti, mumasangano edu enjere nezvimwe vakadaro, uye nehurongwa hwedu hwose hwedzidzo zvasvika paJorodhani yazvo—yazvo, saka tinofanira kuva ne—

neVaEfeso zvakare. Tinofanira kuva nekubuda, “kubuda kunze” uye “kupinda,” kuitira Kubvutwa.

³⁴ Zvino tichaverenga manheru ano kubva muchitsauko 2 chaVaEfeso. Ndanga ndichingotaura izvozvo kuti musvike pa—panzvimbo yacho, kana kuti muvhure chitsauko chacho.

Imi, uye *imi akakuraramisai, makanga makafa nokudarika nechivi:*

Izvo munguva dzakare imi maifamba maererano netsika dzenyika ino, maererano nemuchinda wesimba remuchadenga, mweya unobata zvino muvana vokusateterera:

Vataikurukurirana navo zvakare munguva dzakare *mukuchiva kwenyama*, tichizadzisa chido *chenyama nokwopfungwa*; uye *taiva vana vokutsamwirwa nopakuzvarwa*, kunyangwe sevamwe.

Asi *Mwari*, akapfuma netsitsi, *nokuda kworudo rwake rukuru rwaakatida narwo,*

Kunyange takanga takafa muchivi, iYe akatimutsa *pamwe chete naYe*, kana kuti, akatimutsa *pamwe chete naKristu*, (*makaponeswa nenyasha*;))

³⁵ Ndinoda kutora kubva ipapo zvishoma, kana chikamu chendima, “asi Mwari,” *Mwari Vakapfuma Netsitsi*.

³⁶ Ndinoda kuti mucherechedze pano nezvemuporofita, muapostora, waro, Pauro, uyo—uyo, kuti akataura nezvazvo sei, kuti, “Imi Vavakamutsa, makanga makambofa. Imi Vaakamutsa, avo vakanga vakambofa, vakafa muzvivi nomukudarika; muchifamba muchitevera zvinhu zvenyika, zvishuwo zvenyama, nekuzadzisa zvishuwo zvepfungwa. Maka . . .”

³⁷ Chii chakakonzero shanduko iyi, maona? Uye chii chakaikonzero, “kubva pane imwe nguva makafa,” kuzomutsa? *Kumutswa* zvinoreva “kuitwa mupenyu.” Pakava neshanduko, kubva murufu kuenda kuHupenyu. Hakuna chimwe, hapana chimwe chinhu chingaitika kune chero munhu, chikuru kudaro, sokumushandura kubva murufu kuenda kuHupenyu. Munhu, kana ari kufa, panyama, uye achikwanisa kupodzwa panyama, chingave chinhu chikuru, asi hapana chinhu chikuru kudaro sepaanenge akafa pamweya uye Mwari vomumutsa kuHupenyu.

³⁸ “Iwe pane imwe nguva, munguva dzakare, waive wakafa.” Wainge wakafa. Kunyange vazhinji vari pano manheru ano, pane imwe nguva, unogona kutarisa kumashure uye woziva kuti waive wakafa. Asi zvino sei usina kufa manheru ano, sezvawaimbove kareko? Unokodzera kuva saizvozvo, nokuti wakanga uri mutadzi, “asi Mwari Vakapfuma netsitsi.” Ndiyo—ndiyo nyaya yacho, “Mwari Vaive vakapfuma.” Zvinhu zvese izvi zvataive tiri, “asi Mwari”! Zvakaita shanduko ipapo chaipo, “Mwari Vakapfuma netsitsi”!

³⁹ Oo, ndinofara kwazvo nokuda kwazvo, kuti iVo vakapfuma netsitsi. Kana dai Vaingova vakapfuma nemari, kana dai Vaingova vakapfuma mune zvinhu zvepanyama, izvo Vari, asi zvakadaro chinhu chikurusa kupfuma netsitsi. Oo, ishoko guru sei iroro, kuti izvo takambenge takafa.

⁴⁰ Uye takanga tichitaura humwe husiku kuti mbeu inofanira kufa sei. Uye chose chakapoterredza chizenga chehupenyu ichocho hachifanire kufa chete, asi kuwora. Kana chikasaora, hachigoni kurarama. Uye *kuwora* ndiko, “kunyatsobviswa zvachose; kupera.” Uye kusvika tasvika panzvimbo yekuti pfungwa dzedu nemafungiro edu hazvichisipo zvachose uye zvawora kubva matiri, zvino chizenga chehupenyu chinogona kutanga kurarama.

⁴¹ Zvino—zvino tinogona, ndingangopinza dzidziso shoma pano, yandisinga... Kana usingaitende, zvakanaka. Zvakangonaka hazvo. Ndinoitenda. Ndinotenda kuti—kuti munhu, kana azvarwa munyika ino, kuti kana uri mwana mucheche, azvarwa munyika iyi, waisagona kuva pano pasina kufanoziva kwaMwari, nokuti haVana magumo uye Vanoziva zvinhu zvose. Uye zvino kana mwana mudiki iyeye azvarwa munyika, pane chimwe chinhu mumwana iyeye. Kana achizova neHupenyu, pane chimwe chinhu chidiki imomo, chiri mumwana iyeye ipapo, chaanouya kwachiri, mukufamba kwenguva. Mbeu duku iyoyo iri maari. Zvino kana ukatora... Magwaro anozviratidza izvozvo pachena.

⁴² Zvino kana uine Hupenyu Husingaperi manheru ano, kana tine Hupenyu Husingaperi, saka takagara tingoripo, nokuti kunongova nemhando 1 yoHupenyu Husingaperi. Takagara tingoripo. Uye chikonzero takanga tiripo, nokuti tiri chikamu chaMwari. Uye Mwari ndivo chete chinhu chaZiyendanakuenda.

⁴³ Uye sokugamuchira kwakaita Merkizedheki chegumi kubva kuna Abrahamama, zvino mugove uyu wakapiwa kumwana wemuzukuru wake, Revhi, uyo akange achiri muchiuno chaAbrahamama; akabhadhara chegumi, nokuti akanga achiri muchiuno chaAbrahamama paakasangana naMerkizedheki. Ndinoda kutaura pamusoro pazvo uko pane imwe nzvimbo, mamwe mangwanani. *Merkizedheki Uyu Ndiani?* Zvino cherechedzai izvozvo. Kare-kare, Mwari vakaziva mukomana uyu achiuya. Vaiziva zvinhu zvose.

⁴⁴ Zvino tiri chikamu chaMwari. Wakagara uri. Hauzvirangariri, nekuti waingova chizenga muna Mwari. Waingove uri mumufungo waVo. Zita rako chairo, kana rakambova muBhuku reHupenyu, rakaiswa imomo nyika isati yavambwa. Vaiziva zvawainge uri.

⁴⁵ Ndiri kungotaura izvi, kwete kuvhiringidza dzidziso, asi kuitwasanudza, kuti tibve pakutya uku uye nokuvhunduka. Hauzive kuti ndiwe ani. Hamusi kuzova, asi zvino mava

vanakomana vaMwari. Munoono, makagara mungori vanakomana vaMwari. Maona?

⁴⁶ Nokuti Mwari pavakava newe mumufungo waVo pamavambo, ufanira kuva, chimwe chikamu chako, Hupenyu hwako huri mauri zvino, hwaifanira kuva naMwari kumashure ikoko. Zvakanaka, apo iVo, Vasati vatombova vanobatika pano panyika, pasati pava nechero chinhu, kunze kwaMwari, waiva chimwe chezvizenga zvaVo. Vaiziva kuti zita rako raizova ani. Vaiziva ruvara rwebvudzi rwawaizova narwo. Vaiziva zvose pamusoro pako. Chinhu choga chakaitika ndeapo iwe, uri mutadzi. . .

⁴⁷ Vazhinji venyu munogona—munogona kuyanana neni papfungwa iyi. Pawakanga uri mukomana mudiki, kana musikana mudiki, waifamba-famba uye paiva nezvimwe zvinhu zvaingo, zvaisanetsa vamwe vana, zvaiita sekuti pane chimwe chinhu chiri mauri chaidanidzira. Paiva naMwari pane imwe nzvimbo, asi wakanga uri mutadzi. Unozvirangarira here? Zvirokwazvo. Zvino chaiva chii ichocho? Yaiva mhando iya duku yeHupenyu huya hwaiva mauri ipapo.

⁴⁸ Uyezve mushure mechinguva, wakanzwa Evhangeri. Zvichida wakaenda kuchechi, ukatora *ichi* *nechocho*, ndokuenda kune rimwe sangano uchibva kune rimwe sangano. Asi rimwe zuva, iwe zvawaive chikamu chaMwari, waifanira kuva chikamu cheShoko. Uye pawakanzwa Shoko, unoziva kwawakabva, wakaziva kuti Chokwadi chii. Wakanga ungoripo nguva dzose, mbeu yakanga iri mauri nguva dzose. Shoko rakaona Shoko rakanga riri mauri, rakanga riripo nyika isati yavambwa, ndokuona Shoko uye ukauya kwaRiri.

⁴⁹ Senyaya yangu diki yechapungu, yekuti chapungu chidiki chakachochonywa sei pasi pehuku. Zvino chinhu chidiki ichi chaifamba nehuku, icho, huku ikakukudza, zvino chaisanzwisisa kukukudza kwayo. Zvino—zvino hukwana duku, chikafu chadzo chadzaidya muchizumbu, icho—icho hachina kuzvinzwisisa, kuti dzaizviita sei. Asi maive nechimwe chinhu machiri, chaiita sechaive chakasiyana nezvaive zviri huku iyoyo, nokuti pakutanga chakanga chiri chapungu. Ndizvozvo. Rimwe zuva amai vacho vakauya vachichitsvaga, zvino, pachakanzwa kurira kuya kwechapungu, kwakange kwakasiyana nekukukudza kwehuku.

⁵⁰ Uye ndizvo zvazviri nemutendi wese akazvarwa patsva. Unogona kunzwa dzidziso dzebhaibheri dzose dzaunoda, uye nenyonganiso yose yakagadzirwa nevanhu; asi Shoko iroro parinopenya kunze ikoko, zvino pane chimwe chinhu chinobata, unouya kwaRiri. “Imi makambenge makafa muchivi (hupenyu huya) Akakumutsai.” Panofanira kuva neHupenyu ipapo hwokumutsa, kutanga. Mwari, nokufanoziva kwaVo, vaiziva zvinhu zvose. Uye takatemerwa kuti tive vanakomana

nevanasikana vaMwari. “Imi makambenge makafa muzvivi nomukudarika, umo matakambova tose nenguva dzedu dzakare, asi Vakatumutsa.”

⁵¹ Tarisai Pauro, apo Pauro aive mudzidzi mukuru webhaibheri. Asi paakasangana neShoko iroro chiso kuchiso, Jesu, hwakamuka. Akauya kuHupenyu nokukasika chaiko, nokuti akanga akatemerwa kuva izvozvo. Izvo... Akanga ari chikamu cheShoko; uye Shoko parakaona Shoko, raiva hunhu hwake. Kukukudza kwese kwehuku, mumakereke eorthodox, hakuna zvakwakamuitira; akanga aona Shoko. Raiva chikamu chake. Akanga ari chapungu. Akanga asiri huku; aingova muchikwere pamwe navo. Asi akanga ari chapungu, pakutanga kwacho.

⁵² Ndakanzwa imwe nyaya diki yakafanana, ndinovimba haiite sekumhura, yezvedhadha duku rakaberekwa pasi pehuku, pane imwe nguva. Raisanzwisisa. Muchinda mudiki aitaridzika zvinosetsa, asinganzwisisike, uye akange asinganzwisise huruva nezvimwe zvole. Zvaitamba muchikwere. Asi rimwe zuva sheshe yekare yakatungamirira tunhiyo seri kwechikwere, zvino dhadha rakanzwa hwema hwemvura. Zvino, rakamhanya rakananga kumvura iya nesimba raraigona naro. Sei? Rakanga risati rambopinda mudziva kumashure. Rakanga risati rambopinda mumvura. Asi rakanga riri dhadha, pakutanga kwacho. Chinhu chimwe chete charaifanira kuita kwaiva kubengenuka kune zvariri.

⁵³ Ndizvo zvimwe chete zviru mutendi. Pane chimwe chinhu chiri maari, chokuti, paanosangana naMwari chiso nechiso, anobengenuka kune zvaari. Mbeu iyoyo iri maari, uye inomutswa. Ini zvangu, ndizvozvo, uye anobhururuka achibva kuzvinhu zvenyika. Zvino va zvakafa kwaari. Ini zvangu, ndinorangerira, tose takava nehupenyu hwedu, munguva yakapfuura, muzvinhu izvozvo zvenyika. Asi patakangobata Chinhu chaicho ichocho, chimwe chinhu chakatimutsa, mbeu duku yakauya kuHupenyu, zvino zvinhu zvole zvenyika zvakawora ipapo chaipo. Takanga tisisina chido nazvo.

⁵⁴ “Uyo akaberekwa naMwari, haaiti chivi. Munamati achinge angocheneswa haachinazve hana yechivi, haachisina chishuwo chekutadza.” Nyaya yechivi yaperu. Unova chikamu chaMwari, muna Kristu. Kristu akafa kuti akudzikinure.

⁵⁵ Zvino chingofunga zvese zvatingadai tiri kana dai vanga vasiri havo Mwari. Asi Mwari, mutsitsi dzaVo dzakapfuma, kuti vakatidzikinura sei manheru ano! Tingadai tiri kupi manheru ano dai dzanga dzisiri nyasha dzaMwari dzakapfuma pamusoro pedu?

⁵⁶ Pane imwe nguva nyika yaimbova nezvivi kwazvo, zvekuti munhu akanga akonzeresa kuti huwori huuye panyika kusvikira zvakatoshungurudza Mwari kuti Vakambosikirei munhu.

Musoro wese waive ronda rakawora, mutumbi wese, uye Mwari vakatorwadziwa kuti Vakambosikireiko munhu. Saka Vakati, “Ndichaparadza munhu waNdakasika.” Vachavaparadza nekuti haana chaainacho kunze kwematutu ehuwori.

⁵⁷ Uye rudzi rwose rwevanhu rwungadai rwakaparadzwa panguva iyoyo, asi Mwari, vakapfuma netsitsi, havairega vasina mhosva kuti vaparare pamwe chete nevane mhosva. Zvino Vakaenda ndokugadzira nzira yavakapa kune avo vaida kupinda, avo vaida kuita zvakanaka. Ivo, vakagadzirira nzira yetsitsi kune avo vaida tsitsi, uye Vakagadzira areka. Nemamwe mashoko, Vakaisa mapapiro pazvapungu zvaVo, kuti vabhururuke pamusoro pekutongwa, uye kuti varege kunyura pamwe nehuku. Asi Va—Vakagadzira nzira yokupukunyuka, mumazuva aNoa. Izvi zvakaVaita kuti vaite izvozvo, kuti vaipe, nokuti Vakanga vakapfuma netsitsi.

⁵⁸ Asi mushure mekunge Vagadzirira vanhu nzira zvino ivo ndokubva vairamba, zvino, chikonzero chokuiramba ndechokuti hamuna chinhu imomo chinoigamuchira. Hapana chinoigamuchira. Mai vangu vaigaroti, “Haugone kuwana ropa kubva mutenipi, nekuti hamuna ropa mutenipi.” Saka kana musina mhando yeHupenyu imomo yekuHugamuchira, zvinoka haUgoni kugamuchirwa.

⁵⁹ Ndicho chikonzero vaFarisei vaikwanisa kutarisa muchiso chaJesus chaicho, uye voMudana kuti, “Bherizebhabhu,” nokuti makanga musina chinhu mavari chaiMugamuchira. “Asi vose vaNdakapihwa naBaba,” Akati, “vachauya kwaNdiri.” Pane—pane imwe nzira yazvicharatidzwa nayo.

⁶⁰ Unogona kutaura nevanhu dzimwe nguva mumigwagwa, uchitaura navo nezvaShe, vanotokuseka pamberi pako. Zvino, tinofanira kuzviita, zvisinei. Asi inzwai, “Hakuna munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga.” Mwari ndivo vanotofanira kutokweva. Panofanira kuva neHupenyu. “Uye vose vaVakaNdipa, vachauya kwaNdiri.”

⁶¹ Vakapa mukana kune avo vanoda kudzikinurwa. Vakapa mukana kune avo vanoda kupodzwa. Uye zvakare nokuti Vakaita izvi, zvinoVapfumisa netsitsi, sezvaVakagara vakapfuma netsitsi. Zvinofanira kuva, kana ukaramba Izvi, hapana chasara kunze kweKutongwa, nokuti chivi chinofanira kutongwa.

⁶² Farao, paakapinda mugu—gungwa, somutevedzeri, achiona sekuti aigona kupindamo sezvakaita Mosesi. Mosesi nehondo yake, naFarao nehondo yake, vose zvavo vaifanira kunge vakafira mugungwa, pakuonekwa kwazvo. Asi Mwari, vakapfuma netsitsi, vakaitira vana vechiHebheru nzira yokupukunyuka nayo, (sei?) nokuti vaitevera vari mugwara rebasa, vaitevera vari muShoko.

63 Zvino ndiyo chete nzira yekuwana nayo tsitsi, kutevera mirairo yatakapihwa naMwari kuti titevere mairi. Ndiyo nzira bedzi yaVanogona kuratidza nayo tsitsi, ndeapo patinotevera zvaVakati tiite.

64 Sehurukuro diki nguva pfupi yakapfuura, nemumwe mushumiri akataura kuti ndaidzidzisa Dzidziso yevaapostora muzuva rino. Ndinotenda kuti ndakataura nezvazvo husiku hwapfuura kana hwamarimwezuro, kana imwe nguva, pamusoro pezvaakataura kuti, “Muri kuedza kupinza, muzera rino, Dzidziso yevaapostora.” Akati, “Zera revaapostora rakagama, nevaapostora.”

Uye ndakamubvunza, “Zvino, unotenda Shoko here?”

Akati, “Hongu.”

65 Ndikati, “Zvakazarurwa 22:18 inotaura, kuti, ‘Ani naani achabvisa Shoko 1 kubva mune iRi, kana kuwedzera shoko 1 kwaRiri,’ kwete mashoko 2 chete; Shoko 1, kubvisa Shoko 1 kunze.”

Akati, “Ndinotenda izvozvo.”

66 Ndikati, “Zvino ndinogona kukuudza pakapihwa zera revaapostora, maRopafadzo echiapostora akapihwa kuChechi; zvino ndiudze apo Mwari vakaribvisa muChechi, neShoko. Haugone kuzviita; hazvimo.” Ndakati, “Zvino rangarira, kuti Petro, neZuva rePentekosti, aive iye mu—muzivisi wezera revaapostora. Zvino akavaudza vose kuti, ‘Tendeukai, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nekuti vimbiso ndeyenyu, nekuvana venyu, nokuna avo vari kure, kunyange navose vachadanwa naIshe Mwari wedu.”

67 Zvino kana uchida kuterera kukukudza kwehuku yesangano, uye worarama hako shure uko muzvinhu zvenyika, zvino zvinoratidza kuti pane chinhu chakakanganisika. Nokuti, ndiRo Shoko. “Ani naani anoda, ngaauye.” Uye kana uine chido, ufanira kuuya. Asi kana usina chido, zvino uri muchinhanu chinosuvisa. Asi kana uine chido chekuuya, huya utevere maitiro aMwari!

68 Uye haVambokundiki kuzadzisa zvaVakavimbisa. Ndakambenge ndiri mudiki, uye zvino ndakwegura, handisati ndamboVaona vachikundika muShoko raVo. Nokuti, Vanogona kuita chero chinhu kunze kwekukundikana. Havagoni kukundikana. Mwari havagoni. Hazvibviri kuti Mwari vakundike, uye voramba vari Mwari. Vanotofanirwa, kuita izvozvo.

69 Zvino hondo yaFarao yakaedza kutevedzera, nokuti vakanga vasina kudanwa uye vakanga vasina Hupenyu ihwohwo. Mune . . . Vimbiso yakange isina kupihwa kuna Farao. Vimbiso yakange isina kupihwa iye yenyika yechipikirwa.

⁷⁰ Zvino mutevedzeri, achiedza kutevera mutendi chaiye akadanwa kune zvakadaro, anongozviita kuti zvive chiseko. Ndiro dambudziko nehurongwa hwedu hwechinamato nhasi, vanhu vakawandisa vari kuedza kutevedzera Mweya Mutsvene, vanhu vakawandisa vari kuedza kutevedzera rubhabhatidzo, vanhu vakawandisa vari kuedza kutevedzera zera revaapostora. Ndezvevatendi, uye ivo voga. Mwari vakagadzira nzira, vakapfuma netsitsi, kuti vana vaVo vasaparara. Vakavagadzirira nzira.

⁷¹ Zvino, Farao achiedza kuramba achivatevera, akanyura mumvura dzacho chaidzo dzakaponesa Mosesi neboka rake. Zvino, Mosesi haana kunyura, nokuti Mwari vakapfuma netsitsi kune avo vari kutevera nzira yaVo yavakapa. Amenii.

⁷² Muri kuona here zvandiri kureva? Kuti, manheru ano, vanhu vasingatendi mukupodza kwaMwari, vanhu vasingatendi murubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, vangamuchira chero chinhu sei? Mwari vakapfuma netsitsi kune avo vanoVatevera; kwete vanotevera chitendwa, asi vanotevera Mwari.

⁷³ Mwari iShoko, uye Rakaitwa nyama rikagara pakati pedu, zvino, kuti Vagounza zvimwe zvizenga zvaMwari. Mutumbi, Jesu, waiva mutumbi waMwari, chizenga. Mosesi akaVaona vachipfuura, musana waVo; hakuna munhu akanga amboona chiso chaVo. Asi zvino takaMuona, takaMutarira, tikaMuona seChibairo. Zvino, munoono, Akanga ari chizenga chaMwari, chiri kuratidzwa, Shoko. Ndizvo zvaAiva.

⁷⁴ Uye kana chero mutendi akauya kuna Mwari, anova chizenga chaMwari cheShoko raVo, anoshandiswa kuratidza Shoko rakavimbisirwa zuva iroro. Maona? Ndizvozvo. Mwari, vakapfuma netsitsi, havana kumbotisiya tisina huchapupu. Vakapfuma netsitsi.

⁷⁵ Tinoona zvino kuti Mwari vakaitira Mosesi tsitsi huru kunze uko mugungwa riya rakafa, kunze muGungwa Dzvuku kunze uko, waro. Zvino paVakataura apa, muna Eksodo 19:4, Vakati, “Ndakakutakurai pamapapiro echapungu, ndikakuunzai kwaNdiri. Ndakavatakura pamapapiro echapungu, ndikakuunzai kwaNdiri!” Paiva nevamwe varume pakati pegungwa kunze uko, zvakare, vaiedza kutevedzera. Asi chii? “Vakavatakura pamapapiro echapungu.”

⁷⁶ Zvino Mwari vanogara vachifananidza vaporofita vaVo nezvapungu. Uye chaiva chii? Mosesi akanga ari mutumwa waVo. Zvino vakanga vachitevera Mosesi, uye ndiwo aiva mapapiro echapungu avakatakurwa nawo, nokuti akanga akatakura shoko raMwari. Vanhu ndokutevera izvozvo. Vakanga vachitevera Mwari pavaitevera Mosesi neshoko raVo rokudzikinura. Uye Bhaibheri rakati, “Ivo, havana kuparara pamwe chete neavo vaisatenda.” Nokuti, Mwari vakanga

vakapfuma netsitsi kwavari, nokuti vaitevera mirairo yaVo. Mwari vanoda kuti titevere mirairo yaVo.

⁷⁷ Tinogona kutaura zvimwe chetezvo nezvaKora nezvaDhatani neboka ravo revanhu vasingatendi, pavaiedza kutevedzera. Vakaedza kupinza chimwe chinhu muhurongwa hwaMwari. Vaisada hurongwa hwemunhu mumwe chete. Havana kuzvifarira izvozvo. Vaitofanirawo kuva nechimwe chinhu chokuita. Kora akati, “Handiti, kune varume vatsvene kukupfuura iwe, Mosesi. Iwe unaita sekunge ndiwe wega hombekombe riri . . . kana kuti dombo rega pamahombekombe, waro.” Uye akati, “Ini—ini . . . haufaniri kudaro. Uye kune varume vakawanda pano.”

⁷⁸ Zvino Mosesi aiziva kuti aifanira kutakura vana ivavo achivaendesa kunyika yechipikirwa, nokuti vimbiso yakanga yapihwa kwaari. Uye anofanira kuvatakura kuenda navo kunyika yechipikirwa.

⁷⁹ Uye, nhasi, Mweya Mutsvene uri pano kuzosimbisa Shoko raMwari, uye ndiwo bapiro rechapungu ratinofanira kutasva; kwete imwe dzidziso yebhaibheri yakagadzirwa nevanhu. Asi tinofanira kutasva pamapapiro echapungu, kuenda kuNyika yechipikirwa.

⁸⁰ Uye pano vakanga vari kuzotora boka rehuku kunze uko, Kora akafunga, munoziva, kuuyapo, kuzotevedzera ichi, chapungu. Zvino pavakadaro, Mwari vakati, “Zvipatsanure navo,” iVo ndokumedza nyika. Vangadai vakamedza chinhu chacho chose, chisikwa chose, asi Mwari vakanga vakapfuma netsitsi kune avo vari kuedza kutevera Shoko raVo. Nguva dzose, Mwari vakapfuma netsitsi. Vazhinji vavo vakauya kudivi rina Mosesi, uye Mwari vakazarura nyika ndokumedza asingatendi. Iye, asi—asingatendi, achagara achiparara.

⁸¹ Avo vaisatenda, kunyange vakabuda uye vakafamba kwechinguva, asi, ivo, Jesu akati, “Ivo, vose zvavo, vakafa.” *Kufa* “kutsakatika.” Vakafa. Chimbofunga nezvavo. Vakabuda, vakaona zvizhamiso zvaMwari, vakaona ruoko rukuru rwaMwari, vakafarira mana; ndokusvika kunze uko ndokunoteerera murume ainzi Bharamu, uyo akatsveyamisa nzira yaMwari, nedzidziso yake yaipesana neShoko, “Tese tiri hama, saka ngatiuyei pamwe chete.”

⁸² Ndiho humwe hurongwa hwaBharamu huri kusimuka, nhasi, “Tose ngatiuyei pamwe chete.” Hazvishande. Ngatifambei neChapungu, Jehovah Chapungu. Muri zvapungwana.

⁸³ Pane 3 chete vakaponeswa kubva muboka rose; Mosesi, Karebhi, naJoshua. Vamwe vose vakafira murenje; Jesu akataura kudaro, muna Johane chitsauko 6. Mwari, netsitsi, havana kuvarega vachiparara, nokuti, pamwe chete navamwe vose vasingatendi. Vose vakafira imomo murenje chaimo, uye

vakafa. Mwari vakaponesa Mosesi nevatendi zvapungu, nokuti vakaremekedza Shoko raVo.

⁸⁴ Uye nhasi, shamwari, nzira yoga yatinogona kuwana nyasha kuna Mwari; Mwari vakapfuma netsitsi, nhasi, asi tinofanira kuremekedza zvaVakataura pamusoro pazvo. Haugone kungatora zvakataurwa nemumwe munhu. Unofanira kutora zvakataurwa naMwari. Vakati, “Shoko remunhu rega-rega ngarive renhema, uye raNgu rive chokwadi.”

⁸⁵ Nhasi tinoudzwa kuti, “Zvaunofanira kuita chete,” munzvimbo dzakawanda, “kujoinha chechi, wova nechitendwa, kana zvimwe zvakadaro; kana kuita munamoto, kana kuisa zita rako mubhuku, kana kusaswa kana kubhabhatidzwa neimwe nzira, kana zvimwe zvakadaro. Ndizvo zvoga zvaunofanira kuita.” Asi handizvo.

⁸⁶ Kuti uve chapungu chaMwari, unofanira kutevera Shoko, zuva nezuva. Unofanira kuenda mberi, uchidya paShoko.

⁸⁷ Zvino tinovawana, mushure menguva ino, vachinyunyuta zvakare, vapedzwa simba mukutenda, mushure mokunge Mwari vavaitira tsitsi. Uye tinovaona vachinyunyutira Mwari, uye, pavakadaro, vakange vofa nekurumwa nenyoka. Zvino, vaive vakazvikodzera. Zvechokwadi vaive vakadaro. Ani naani angakanganisa Shoko raMwari oita zvinhu izvi zvakaita, aikodzera kufa. Mumwe nomumwe wavo aishuva, aikodzera kufira murenje.

⁸⁸ Asi pavakanga vachirwara zvokuti kunyange chiremba Mosesi uye pasina kana mumwe wavo aigona kuita chimwe chinhu pamusoro pazvo, uye vakanga vachifa vari zviuru; asi Mwari, vakapfuma netsitsi, Vakagadzirira nzira yekupukunyuka kune avo vaizoVatenda. Vakagadzira mushonga wacho, nekumisa nyoka yendarira. Mwari mukupfuma kwaVo...Mwari vakagadzira nzira yokupukunyuka nayo kuti vana vaVo vanotenda vagopodzwa.

⁸⁹ Mwari vane hanya nezvese zvisina kumira zvakana, zvese zvaunotarisa mazviri. Mafambiro ese ehupenyu, Mwari vane hanya newe. Uri mwana waVo, uye iVo vakapfuma netsitsi. Vanoda kukuitira.

⁹⁰ Vanhu vakatadza pamberi apo, nokutora chinhu chimwe chete ichi icho Mwari vakanga vavaitira yananiso nacho, kubudikidza nenyoka yendarira, iyo yaimirira chivi chakatotongwa kare, uye vakanamata chipo ichocho. Nokudaro vakatadza zvakare. “Mwari havangagoverani kubwinya kwaVo nemunhu.” Naizvozvo, hatigone kuva nevamwari 2, 3, 4. Kuna Mwari mumwe chete. Havazogoverani kubwinya kwaVo nechimwe chinhu. NdiMwari, vega, munoona; sezviri mahedheni ane vamwari vazhinji. Tina Mwari mumwe chete, uye haVangagovani kubwinya kwaVo nemumwe, uye haVangatenderi chifananidzo chinonamatwa pamberi paVo.

Kunyangwe Vakanga waitira vanhu yananiso, uye rakanga riri Shoko raMwari, yakanga iri raiti; asi pavakasvika pakuinamata, vakabva vapinda mudambudziko.

⁹¹ Zvino ndizvo zvimwe chete, ndinofunga, zvakaitika kumazera edu ekereke. Mwari vakatitumira shoko raMartin Luther nemharidzo yake, John Wesley, mharidzo yepentekosti, asi takaita sei nayo? Zvimwe chete zvavakaita nenyoka yendarira iya, takainamata, “Ndiri *weiyi*, uye ndiri *weiyi*.” Munoono, uri wechimwe chinhu pasina kuperera kwakabatana nekunamata kwechokwadi kune humwari kweShoko.

⁹² Chii chakaitika? Bhaibheri, tinoudzwa muBhaibheri, kuti, “Muporofita akatora chifananidzo ichocho akachiparadza.” Hareruya!

⁹³ Chatinoda panzvimbo nhasi muporofita achaparadza chifananidzo chemasangano, vanofunga kuti vari kuenda Kudenga pakuva vechimwe chitendwa kana rimwe sangano; chinoda kuparadzwa nekupiswa, kurasirwa kure. Mwari vazere netsitsi. Vakapfuma netsitsi. Muzuva iro apo isu tingadai tose tainge tiri nyonganyonga yerima kunze uko, asi Mwari, vakapfuma netsitsi, vakatitumira Mweya Mutsvene wemazvirokwazvo chaiwo, nedudziro yaVo Vomene yaRo, muno chaimo muchivakwa manheru ega-ega. Mwari, vakapfuma netsitsi dzaVo, tinoVawana vachishamisa kwazvo! Hongu, changamire.

⁹⁴ Zvino chavaingofunga kuti vaigona kuita kwaingova kuenda kunyoka iyi, kana chinhu chidiki ichi chakanga chaitwa naMwari kunze uko, chavakaita kuti Mosesi agadzire uye achiturike padanda, uye vaigona kupodzwa pasina kana kuperera zvako. Vakangomira ndokuitarisa. Zvino vakasvika pakuinamata, Mwari ndokutumira muporofita ndokuiparadza.

⁹⁵ Zvino, vose vakaramba kutarisa nyoka murenje, vakaparara. Zvino Mwari vanogadzira nzira, asi kana ukaramba kuitarisa, kana ukagara mhiri kwemugwagwa, kana ukabatirira pane chimwe chitendwa uye woramba kutarisa wakananga muShoko zvino woona kuti zvaRinoreva ndizvo here kana kuti kwete; vose vakaramba kutarira, vakaparara. Zvino Mwari ndiMwari vasingafi vakashanduka. Uye vose vakaramba kutarisa, vakaparara. Ndizvo zvazviriwo nhasi, zvimwe chetezvo.

⁹⁶ Zvino vanhu vakatadza pamberi pachu, uye sezvavakagara vachiita, uye vakagadzira chifananidzo kubva—kubva mairi, vachiita a—a—a . . . kuwana, kuedza kuwana kupodzwa pasina kuperera, uye ivo “vaive vechimwe chinhu,” uye nemaitiro atinoita nhasi. Uye zvino tinoona ipapo, mutsauko wazvo, waiva, wokuti Mwari . . .

⁹⁷ Yakanga iri yananiso yakanaka uye nechiratidzo chakanaka chenguva iyoyo. Panguva iyoyo, yakanga yakanaka. Asi

yakanga ingori yenguva iyoyo, zverwendo irworwo. Ndipo chete paichashanda, rwendo *irworwo*.

⁹⁸ Uye mharidzo yakaunzwa naMartin Luther, yekururamiswa, yakanga yakanakira zera raLuther. Ndipo payaingoperera.

⁹⁹ Kucheneswa kwaive kwakanaka muzera raWesley. Ndipo payaingoperera.

¹⁰⁰ Zvino tinobva tapinda muzera repentekosti. Uye kudzoreredzwa kwezvipo chinhu chakanaka kwazvo, kwaive kwakanaka muzera racho, asi tiri kuenda mberi kweizvozvo zvino. Tave mberi kweizvozvo, zvechokwadi chaizvo sekungovapo kwenyika. Tinofanira kupfuura chinhu ichi, nokuti takaita chinhu chimwe chete nacho chavakaita kare, kuita chifananidzo nacho. “Ndiri wehurongwa *uhwu* hwacho, ndiri wehurongwa *uhwo* hwacho.”

¹⁰¹ Mwari vachatuma mumwe munhu achapwanya chinhu ichi ochiparadza kuita zvidimbu, vosimbisa Shoko raVo, Shoko rakazara. Cherechedzai. Mwari ngavarumbidzwe! Zvino tinooona izvozvo kuti ichokwadi. Mwari, vakapfuma netsitsi dzaVo!

¹⁰² Zvino muporofita paakaiparadza, zvakavasiya vasina chiratidzo chipi zvacho chekupodzwa, cheyananiso, nokuti chifananidzo chavo chakanga chaparadzwa. Asi Mwari, vakapfuma netsitsi, vakavagadzirira chimwe. Uye chii chaVakaita, ichocho? Vakabvongodza mvura pachidziva patemberi, uye vazhinji vakauya uye vakapodzwa, nokupinda mumvura iyi. Jesu akasvika pachidziva chimwe chetecho, ndokuona murume akanga avete ipapo kwemakore mazhinji, akamirira kubvongodzwa kwemvura. Munoonaka Mwari, vakapfuma netsitsi! Kunyange vakanamata chinhu ichocho, kunyange zvazvo muporofita akatozochiparadza, Mwari vakavagadzirira imwe nzira, nokuti Vakapfuma netsitsi. Vanoda kuti vapodzwe, uye Vakagadzira nzira yokupodzwa kwavo.

¹⁰³ Zvino, zvakabva zvaenderera mberi, nyika yakawedzera kutadza nekutadza, nguva dzose. Uye pakupedzisira nyika yakatadza zvikuru zvekuti Mwari vangadai vakaiparadza, Vakati muna Maraki 4, “kana kuti Ndingatouya kuzorova nyika nokutukwa.” Vaigona kunge vakazviita; ndiyo nyaya yacho chete.

¹⁰⁴ Asi zvino Mwari, vakapfuma netsitsi, Vakatumira Muponesi, Jesu Kristu. Vakatumira Jesu kuti ave zvose Muponesi pamwe nomupodzi. Nokuti Akati, “SaMosesi akasimudza nyoka yendarira murenje, naizvozvo Mwanakomana womunhu anofanira kusimudzawo,” nokuda kwechinangwa chimwe chete. Iye, yananiso, ndiyo yatine kodzero pairo, hapana chimwe kunze kweyananiso. Zvakatengwa naJesu neRopa raKe, ndizvo zvatine kodzero pazviri. Uye Bhaibheri rakati, “Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, Akaiswa mavanga

nokuda kwekusarurama kwehu, kurohwa kwakatiunzira rugare kwakanga kuri pamusoro paKe; uye nemavanga aKe takapodzwa.” Ndzivo zvatinoogona kuva nekodzero pazviri, nokuti ndiyo yananiso, yatinogamuchira, yatarongerwa. Mwari, vakapfuma netsitsi!

¹⁰⁵ Iyi yaiva iri kuzova yananiso yaZiyendanakuenda, nokuti Vakauya pachaVo. Mwari vakauya pachaVo, muchimiro chenyama inotadza, kuti vaite yananiso ya—ya—ya—yaZiyendanakuenda; uye vakatambudzika munyama, uye vakaita yananiso; uye vakadzoka vari muchimiro cheMweya Mutsvene, kuzosimbisa yananiso iyoyo. Apo pasina nyoka yendarira kana kuti pasina mvura inobvongodzwa yaigona kuzviita, zvose zvainogedzera kuYananiso yakakwana iyoyo. Mwari, vakapfuma netsitsi dzaVo, vakaita izvi.

¹⁰⁶ Zvino, nhasi, zvariri zuva ratiri kurarama mariri, takauya nemumazera ekereke aya tikazvitsanangura zvose zvisizvo tichitobva paIri. Vadzidzi vedu vebhaibheri vemazuva ano vakasorasikirwa kare nedivi iroro raYo. VanoItsanangura yose zvisizvo, vachiisa kune rimwewo zuva, rimwewo zera, chimwewo chinhu, chekumashure, chakabva kare-kare. Zvino Kupodza kwaMwari kwakanga kwatopotsa kwatopera, pachisina ani zvake aikwanisa kukutenda. Vakatokuseka. Makore asingadariki 20 apfuura, vakanga vachikuseka. MaPentekosti vakanga vatobva zvachose pakuri. Vakambotanga mumazuva ekutanga, asi vakazobva pakuri.

¹⁰⁷ Tarisai kuti vakaita sei. Zvino vane kupengereka nemasangano, vachimhanya kuti vazvigadzirire mumwe nomumwe chitendwa, nezvimwe zvakadaro. Kunze kwekunge, pachinzvimbo chekugamuchira Chiedza, apo Chiedza chichipinda; vakaita sangano uye vakazvigadzirira zvitendwa, mumwe nomumwe achiuya, achizvigadzirira dzidziso uye achigara mudzidziso iyoyo. Zvino vakabva vabvisa zvakananda kusvikira Mweya Mutsvene wakatadza kupinda muhechi. Zvakazongove chimwe chifananidzo senyoka yendarira, kwakava ku—kunamata zvifananidzo. Munhu wese akati, “Ini ndiri weizvi, uye ndiri weizvo.” Kwaiva kunamata zvifananidzo. Inyonganyonga yakadini yatakanga tiri mairi, panguva yekupedzisira.

¹⁰⁸ Asi Mwari, vakapfuma netsitsi dzaVo, vakatuma Mweya Mutsvene kudzoka pamusoro pedu, uye vachisimbisa Shoko raVo manheru ano sezvaVakavimbisa kuti Vachaita. Mwari vakavimbisa kuti Vachaita zvinhu izvi. Tarisai zvaVakaita!

¹⁰⁹ Tarisai zvaVakaita, kuti zvino tinoona kuti Vakavimbisa sei kuzera rimwe nerimwe chimwe chinhu chaizoitika. Uye tinoona kuti zvakaaitika nemazvo saizvozvo, izvo zvaVakataura kuti Vaizoita, nokuti Vakapfuma netsitsi dzaVo, kugara nguva dzose vaine tsitsi dzekuzadzisa Shoko rose raVakavimbisa. Vanofanira

kuzviita, uye nguva dzose, kuitira kuti varambe vari Mwari. Vanogara vachiita izvi, Shoko raVo rinogara richizadziswa mumwaka waRo. Mbeu yaVo yaVakadyara panyika. Chii chaVakaita? Vakaiisa muno muShoko, uye iyoyo imbeu. Uye nguva dzose zera parinouya, mbeu iyoyo inoibva, uyezve kuvandudzwa kunoitika. Uye Vakazvivimbisa, uye zvinodaro.

¹¹⁰ Zvino hatina kumbokodzera zvinhu izvi. Hatina kumbokodzera maropafadzo aya aMwari, nokuti takanga tatevera zvinhu zvenyika, tikapinda mukutsauka kwaKaini. Kaini, achivaka artari yakanaka nechechi yakanaka, nekuisa maruva pairi, ndokufunga kuti ndizvo chaizvo zvazvaiva, “Chaiva chisumbu chemaapurosi kana mapeya, kana matamba, kana chero zvazvaiva,” izvo baba naamai vake vakanga vadya mubindu reEdheni, zvakavadzingisamo. Uye saka akapirisa izvozvo kuna Mwari, uye Mwari vakazviramba.

¹¹¹ “Asi Abheri nokutenda akapa Mwari chibayiro chakanakisa kupfuura Kaini.”

¹¹² Uye, nhasi, Bhaibheri rakati muna Judha, kuti, “Vakamhanya nenzira yaKaini; vakaparara mukupikisa kwaKora.” Munoono, “kumhanya nenzira yaKaini,” kuvaka maartari, kuvaka makereke, masangano, vachizviita kuti zvine zvinoyevedza, zvakakura, nhengo dzakawanda kudarika dzevamwe vose; vachitora zvinhu, chero hacho changouyapo uye chinosvetuka-svetuka, kana chakakwaziswa maoko, kana chakabhabhatidzwa neimwe nzira, kana chakataura nendimi, kana chakamhanya-mhanya muchivakwa, vakaisa zita ravo mubhuku. Ndizvozvo. Uye vobva vafuratira Chokwadi chaicho chaparidzwa, voChiramba. Zvingadaro sei? Cherechedzai iyo nyonganyonga yatanga tiri mairi! Cherechedzai.

¹¹³ Uye Bhaibheri rakati, “Zvino vakafamba nenzira yaBharamu, uye vakaparadzwa mukupikisa kwaKora.” Vakaparara mukupikisa! Kupikisa kwaKora kwaiva kudini? “Sei, uchifunga kuti ndiwe wega munhu mutsvene? Handiti, Mwari . . . Isu tose tiri vatsvene. Chechi yese yakanaka. Wese . . . Tese tinouya pamwe chete, ndizvo zvatinfofanira kuita.” Ndipo pavakapararira, ipapo. Uye taive takazvikodzera zvechokwadi. Taikodzera kuva izvozvo.

¹¹⁴ Asi Mwari, vakapfuma netsitsi, vakatibuditsa munyonganyonga iyoyo uye vakatiita kuti tizvione zvinhu zvisati zvasvika pano. Vakapfuma netsitsi dzaVo, uye vakatitumirazve rumutsiro rwekupodza kwaMwari, nekuuya zvakare kweSimba raMwari. Maererano nenhorondo, hapana rumutsiro rwakambogara zvinodarika makore 3. Rumutsiro rwuno rwatora makore 15, rwanga rwuri moto unopfuta, kutenderera nekutenderera pasi rose. Sei, nokuti tairwukodzera? Mwari, vakapfuma netsitsi dzaVo, kwete nekuti

tairwushuvira kana kuti tairwukodzera, waro. Chimbofungai zvarwakaita!

¹¹⁵ Ndinofunga nezveimwe hanzvadzi yenyu imo muno muPhoenix, iyo vazhinji venyu munoziva, Mai Hattie Waldrop, vaive nekenza yemoyo. Zvino vakanga vari mumutsara wekunamatirwa pano apo Hama Moore neni takanga tiri pano kekutanga, makore angaita 15, 18 akapfuura. Zvino vakange vave kufa, nekenza yemoyo, uye vaifanira kunge vakafa kare-kare. Asi Mwari, vakapfuma netsitsi, vakatumira Simba raVo pavari. Uye Vakaponesa hupenyu hwavo, uye vari kurarama nhasi. Mwari vakapfuma netsitsi!

¹¹⁶ Congressman Upshaw, murume mukuru chaizvo. Ndinofunga aive mutungamiri, kana chimwe chinhu, we—weBaptisti, Southern Baptist Convention, pane imwe nguva, kana mutevedzeri wemutungamiri kana chimwe chinhu. Akanga aita zvose. Akanga ari murume akanaka. Akaita zvose zvaaziva kuita. Akanga aenda kuna chiremba wose. Hapana aigona kumuitira chii zvacho. Akanga akabatikana chaizvo. Vashumiri vakanga vamunamatira. Akanga adirwa garani remafuta pamusoro wake, chizoro, chevashumiri vakasiyana kwese-kwese.

¹¹⁷ Humwe husiku, Los Angeles, California, ndichifamba kuenda kupurupiti, ndakatarisa boka remahwiricheya rakapetwa kunge kaviri, katatu, kune akagara apo, kwese kukwira nekudzika nenzira yepakati pemacheya, shure nemberi. Uye ipapo pakanga paine nhowe ine musikana mudiki wechitema mairi, musikana mudiki muNegro, uye mai vake—vake vainge vakagara paari. Uye munin'ina wangu akanga achiunza vanhu mumutsara wokunamatirwa.

¹¹⁸ Zvino ndaitarisa, ndisingazivi kuti chii chaitika. Ndokuona chiremba, aine magirazi egoko rekamba, achiita oparesheni pamusikana mudiki wechitema, nokuda kwechirwere chepahuro, akabva aoma mitezo. Zvino ndakatarisa-tarisa, ndikafunga, “Mwana wacho aripi?” Ndaisakwanisa kumuona.

¹¹⁹ Mushure mechinguva, zasi kumashure uko, pasina tariro, musikana mudiki akaisvonaka angangoita makore 7 kana 8 okuberekwa, aizove akaoma mitezo hupenyu hwake hwose. Uye hapo paiva namai vake zasi ikoko vakapfugama, vachinamata. Ndakabva ndati, “Chiremba uyu akaita oparesheni pamusikana wenyu mudiki,” uye ndikatsanangura.

Vakati, “Ndizvozvo, changamire.”

¹²⁰ Zvino vakaedza kuunza mwana kupuratifomu. Vakavaudza kuti vasazviita. Vakaedza kuvadzikamisa. Panguva yavakaita kuti vanyarare, ndakafunga, “Zvinoka, tichawana mukana wekumunamatira.” Mumaminitsi mashoma... Zvichida vanhu vari ipo pano vaivepo husiku ihwohwo.

¹²¹ Uye ndakanga ndakatarisa uko muungano, ndakaona musikana mudiki iyeye achidzika zasi, zvaiita kunge nenzira di—diki nhete, nechidhori mumaoko ake, achitambisa chidhori ichocho. Zvisinei kuti chiremba ainge akataura zvakadii kuti aizenge akaoma mitezo kwehupenyu hwake hwose; Mwari, vakapfuma netsitsi, vakatumira zasi Mweya Mutsvene, nechiratidzo, musikana mudiki iyeye ndokusimuka kubva ipapo, uye iye naamai vake vakabatana maoko ndokufamba vachidzika nenzira yepakati pemacheya iyoyo, vachirumbidza Mwari.

¹²² Kumashure-shure uko kwanga kwakagara mumwe mutana, Congressman Upshaw, vazhinji venyu munoziva chapupu chake. Aive ari murume akanaka, akaedza hupenyu hwake hwose, makore 66 akaremara ari muhwiricheya, achisundwa kuiswa pamubhedha; madondoro ari pasi pemaoko ake, aafamba nawo, asiri kuzombofa akafamba zvakana zvakose. Zvino hapo akagara ipapo, akatarira izvozvo. Uye kamwekamwe, ndakatarisa uko ndikaona chiratidzo. Heunoi achiuya, achifamba achidzika nepamusoro peungano iyoyo, akakotamisa musoro wake, achikwanisa kufamba zvakana semunhu wese. Ndaisaziva kuti murume wacho ndiani.

¹²³ Ndakati, “Pane murume mukuru chaizvo agere kumashure uko. Akadonha kubva mungoro paakanga achiri kakomana, pamasimbi anoshandiswa pauswa, ndokukuvana musana wake. Vakaboora maburi pasi, kuti pasave nekuzunguzika, kana vanhu vofamba, kuti kusarova kumusana kwake.” Ndakati, “Anozova munhu mukuru chaizvo, uye oramba achikurumbira. Agere muboka guru kuWhite House.”

¹²⁴ Ndokubva murume uyu akauya ndokundiudza, akati, “NdiCongressman Upshaw. Makambomunzwa here?”

Ndikati, “Handina kumbonzwa nezvake.”

¹²⁵ Uye saka akaendeswa maiki diki yaisvika kumashure ikoko uye vaitaura, vachipindurana.

¹²⁶ Ndakabva ndatanga kutarisa-tarisa, ndikaona mutana Congressman achiuya, achifamba achiuya kwandiri, muchiratidzo, akakwana uye akaita semunhu wese chaizvo. Mwari, vakapfuma netsitsi, vakamubvisa kubva pahwiricheya iyoyo, uye akafamba asina madondoro kusvika zuva raakafa. Mwari vakapfuma netsitsi! Apo vanachiremba vakanga vakundikana, apo sainzi yakanga yakundikana, apo zvimwe zvose zvakanga zvakundikana, Mwari vaive vakapfuma netsitsi kuna Congressman Upshaw.

¹²⁷ Ndinofunga nezvangu pachangu. Semukomana mudiki wekare, ndinorangarira apo... Vanhu vanonditi nhasi, “munhu anovenga vakadzi.” Chikonzero zvakadaro, ndechekuti ndakaona hunzenza hwakawanda kwazvo kubva mumadzimai ndichiri mudiki. Ndaivavenga. Uye handizviite zvino, nekuti

ndinoziva kuti kune vamwe vakanaka. Asi ndinorangarira kuti zvakanga zvakaipa zvikuru sei, hunzenza hwakanyanya. Zvino ndakafunga, “Ini zvangu, ini—ini handifi ndakava pedyo nepane vanhu. Handina kudzidza, saka hapana wandichawana.”

¹²⁸ Uye kamwana kadiki kakare kagere ipapo, ndisina kana kupfeka shati, nebhachi rangu rakakoperwa *sezvizvi*, nechipeneti, uye iko kuchipisa chaizvo. Zvino mudzidzisi akati, “William, hausi kutsva here nebhachi iroro?”

¹²⁹ Ndakati, “Kwete, amai, ndiri kuti tonhorwei zvishoma.” Zvino akandiendesa pane chitofu ndokuisa huni muchitofu, uye ndakaita sendichatopotsa ndabvira. Uye nda—ndakanga ndisina shati mwaka wese uyu.

¹³⁰ Uye ndakafunga, “Kana dai ndaingogona kuwana mari, imwe nguva yandaikwanisa kuwana shoma, ndaizviwanirawo pfuti yethirty-thirty,” ndaizouya kuMadokero kuno ndogara zvangu kunze kuno ndovhima, kwehupenyu hwangu hwose. Ndakanga ndisingadi kuva nechokuita nevanhu. Ndongogarira kure, nekuti vaisandida, uye—uye ndaizongogarirawo kure navo.

¹³¹ Uyezve pese pandaienda kudhorobha, kuti nditaure nechero munhu, ndaona vamwe vanhu mumugwagwa, vandaiziva, ndaiti, “Mhoro apo, John, Jim! Makadii?”

“Oo, mhoro.”

¹³² Munoono, vaisada kutaura neni, vaisada kuva nechekuita neni, nekuda kwababa vangu pamwe nevamwe vaigadzira hwiski. Zvino ini—ini handina kuita izvozvo. Chakanga chisiri chii zvacho chandakaita. Uye ndingadai ndiri wemhando iyoyo.

¹³³ Asi zvino ndakati kumudzimai wangu, nguva pfupi yapfuura, “Dziro rangu rwakashongwa nepfuti dzepamusoro dzinogona kutengwa.” Oo, uye ndinofunga pamusoro pehembe dziya dzakasakara dzakasviba. Manheru ano ndine masutu 2 kana 3 akanaka. Uye handina shamwari? Ndinotofanira kuti ndihwande murenje, kuti ndigarire kure nevanhu. Dambudziko nderei, imhaka yehunhu hwangu here, imhaka yedzidzo yangu here? Kwete. Mwari, vakapfuma netsitsi, vakandiona ndiri muchimiro ichocho uye Vakandiponesa.

¹³⁴ Ndinorangarira ndichitungamirirwa nemaoko, sebofu. Ndaisaona. Chinhu chose chaiva pamberi pangu chakanga chiri madzengerere; ndaizove bofu kwehupenyu hwangu hwose. Asi Mwari, vakapfuma netsitsi, vakandidzoreredza kuona kwangu. Ndine makore 55, uye ndichiri kuona zvakanaka. Mwari, vakapfuma netsitsi, ndicho chinhu chega chandinogona kutaura.

¹³⁵ Pane imwe nguva chechi yakanga isina nzira yakapihwa yokupodzwa. Vakanga vainayo, asi vakairamba. Asi Mwari, vakapfuma netsitsi, vakavatumira chipo chekupodza kwaMwari. Unova Mweya Mutsvene uri pakati pedu,

uchisimbisa Shoko nezviratidzo zvichitevera. Mwari vakapfuma netsitsi!

¹³⁶ Ndine mapeji 2 kana 3 pano ezvinyorwa izvi, asi handisi kuzoedza kupinda mazviri, nokuti ndiri—ndiri kuziva kuti yave kuda kusvika nguva yekutanga mutsara uya wekunamatira. Asi Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo!

¹³⁷ Vazhinji venyu pano manheru ano, vanachiremba vakakutadzirirai. Kune vanhu vagere mumahwiricheya aya, pamwe havazombobudamo. Vachagarapo zvachose. Vamwe vavo, vakaoma mutezo nenzira dzakasiyana, ivo (havaizofa) havaikwanisa kupora, pasina kana nzira yekuti vapore. Asi Mwari, vakapfuma netsitsi dzaVo, vakapa yananiso. Usairamba. Igamuchire. Kune varume kunze uko vane dambudziko remoyo, kune vanhu vane makenza, avo vanachiremba havana chavanogona kuita navo. Hauna tariro, hauna rubatsiro, munyika ino.

¹³⁸ Asi Mwari, vakapfuma netsitsi dzaVo, vakatumira zasi Mweya Mutsvene, uye uri pano zvino kusimbisa Shoko, kuratidza kuti ndiYe mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Nemhaka yokuti tinozvikodzera here? Nokuti Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo! Amen. Zvino ndivo Vacho, ndivo Munhu wacho, NdiIshe Jesu ivavo. Havana kufa, asi Vakamuka kubva kuvakafa, uye Vapenyu nekusingaperi.

¹³⁹ Ndivo vamwe chete, zero, nhasi, nokusingaperi, vachiri vakapfuma netsitsi dzaVo sezvaVaiva kumudzimai aibuda ropa. Zvino mudzimai akapinda nemuboka revanhu. Pakanga pasina tariro kwaari, vanachiremba vakanga vaita zvose zvavaigona kuita. Aiva nedambudziko rekubuda ropa. Akanga ava kufa. Zvino akabata nguwo yaTenzi. Mwari, vakapfuma netsitsi, vakatendeuka ndokumuudza nezvechinhanho chake. Iye ndokupodzwa chirwere ichi chekubuda ropa.

¹⁴⁰ Chipfeve chidiki, chinonyadzisa chakaenda kutsime rimwe zuva, kunochera mvura. Pasina tariro. Akanga adzingwa kubva pane mhandara, kubva pakati pevanhu, hupenyu hwake hwakanga husina kunaka. Uye akafunga, “Zvichabatsirei kuedza? Ndakarambwa, hapana changu chasara.” Asi akatarira, kumire parutivi, kana kugere parutivi rwetsime, zvino paive nemumwe Murume akagara ipapo Akamuudza zvinhu zvose zvaakamboita, Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo.

¹⁴¹ Mwari vamwe chetevo, manheru ano, vakangopfuma netsitsi dzaVo, uye vari zvimwe chete sezvaVaiva mumazuva iwayo. Mwari vakapfuma. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

¹⁴² Ndinofunga tine makadhi ekunamatirwa 200 pano, kana kuti atakaidza ari 200. Tichaadaidza uye toita kuti vanhu vamire mumutsara. Tiri kuzovanamatira.

¹⁴³ Asi tisati tazviita, kuti pangave nevatsva pano, vanofanira kubva pakufungira zvemweya-mweya. Izvi hazvisi zvemweya-

mweya. Kuratidzwa kwevimbiso yaMwari. Zvinoenderana nezvauri kutarisa. Hapana simba mune chero munhu. Hapana simba mumunhu. Asi isu sevatendi tine mvumo; kwete simba, asi mvumo.

¹⁴⁴ Mumwe munhu akandibvunza, nguva pfupi yapfuura, akati, “Hama Branham, munotenda here kuti mune simba rekuita izvi?”

¹⁴⁵ Ndikati, “Handina simba, zvachose, asi ndine mvumo.” Mutendi wese anayo. Kana ukairamba, uchagara uri pauri. Asi kana ukaigamuchira, ichaita zvakawandisa nokupfuurisa, nokuti Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo.

¹⁴⁶ Torai mupurisa mudiki akamira kunze uko mumugwagwa, mbatya dzake dzakaremba paari, akaonda kwazvo. Kepisi yakadzikisa nzeve dzake. Uye ofamba kunze uko kune motokari dziri kuuya dzichidzika nemugwagwa iwoyo, pamamaira 50 paawa, mainjini ane simba remabhiza 300 mairi. Haana simba rekumisa bhasikoro. Ndizvozvo. Asi ngaangoridza chete pembe iyoyo osimudza ruoko rwake, mochiona mabhureki aye achirira. Haana simba, asi ane mvumo. Guta rose rakamutsigira.

¹⁴⁷ Uye kana murume kana mukadzi, handina basa kuti uri muchinhano chakadini, une mvumo yaMwari, nevimbiso, nokuti Vakapfuma uye vakavimbisa kuita zvakawandisa nokupfuurisa. “Kana ukati kugomo iri, ‘ibva,’ uye ukasapokana mumwoyo mako, asi wotenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuva nezvawataura.” Haana simba, asi une mvumo.

¹⁴⁸ Rangarirai paAkandiudza kumashure uko, akati, “Uchange uchizokwanisa kuzarura zvakavanzika zvemoyo.” Nokuti iYe . . . Munozvirangarira here, vazhinji venyu imi vanhu vekuPhoenix? Akazvivimbisa. ZvaAnovimbisa, Anozviita.

¹⁴⁹ Zvino pane vamwe venyu pano vasina makadhi okunamatirwa, uye pasina kupokana. Vangani vari kurwara uye vasina makadhi okunamatirwa, simudzai maoko enyu? Chokwadi. Zvakanaka. Kana uchida kuziva, kwete mvumo . . . kwete simba, asi mvumo yeShoko, “Zvinhu zvaNdinoita, nemiwo muchazviita.”

¹⁵⁰ Jesu akavimbisa, muna Ruka 17:30, kuti Kuuya kwaKe kwaswadera, paizova nenguva yakaita seyaMosesi . . . kana kuti Noa, “Pavaidya uye vachinwa, uye vachiwaniswa mumuchato; uye havana kuziva kusvikira zuva iro Noa akapinda muareka.” Akati kwaizova nenguva iyoyo. Akabva atiwo zvakare, “Sezvazvakanga zviru mumazuva aRoti,” ndokuti, “izvi zvichaitika nezuva iro Mwanakomana womunhu paachazarurwa, apo Mwanakomana woMunhu achazarurwa mumazuva okupedzisira.”

¹⁵¹ Zvino tarisai izvo iYe, kuti Mwanakomana wemunhu akaZvizarura sei ari mumunhu weMutumwa uyu, aive Mwanakomana wemunhu. Zvamazvirokwazvo. Abrahamama

akaMudana kuti, “Elohim.” Aive Mwanakomana wemunhu, akaZvizarura nyika yeMarudzi yave kutoda kupiswa. Akazviita sei? Kumutendi. Kumutendi wekabanga, Akatumira vaparidzi 2 kunovaparidzira. Asi kumutendi chaiye, Akamira musana waKe wakafuratira tende, uye Akati, “Abrahama.” Akanga ari Abrama zuva. . . mazuva mashoma zvisati zvaitika, izvozvo. Asi zvino ava Abrahama. “Mudzimai wako Sara, aripi?”

¹⁵² Akati, “Ari mutende, shure kweNyu.”

¹⁵³ Akati, “Ndichachengeta vimbiso yaNgu kwamuri. Ndiri kuzokushanyirai.”

¹⁵⁴ Oo, Abrahama akanga ava namakore 100 okuberekwa, uye Sara akanga ane 90; asi Mwari, vakapfuma netsitsi, vakachengeta vimbiso yaVo. Yakaunza mwana, nokuti Mwari vazere netsitsi, uye iVo vakazara netsitsi. Vakapfuma netsitsi. Vanochengeta vimbiso yaVo.

¹⁵⁵ Cherechedzai, nemusana waVo wakafuratira tende, Sara akaseka ndokuti, “Zvinhu izvi zvingava sei? Ndachembera. Ndingafare seiko nomurume wangu, somudzimai wechidiki akaroorwa? Handiti, ane makore 100. Hukama hwedu hwemhuri hwakamira, makore mazhinji, zhinji akapfuura. Izvi zvingava sei?” Iye ndokuseka nezvazvo.

¹⁵⁶ Zvino Mutumwa ne. . . Mwanakomana wemunhu nemusana waKe wakafuratira ku—kutende, akati, “Sei Sara aseka, achiti, ‘Zvinhu izvi zvingaitika sei?’”

¹⁵⁷ Chaiva chii? Jesu akataura, muna Ruka 17:30, kuti, “Mumazuva sezvakanga zvakaita mumazuva aRoti,” chinhanu chimwe chete, nyika yeMarudzi isati yapiswa, Akati, “Mwanakomana wemunhu achaZvizarura nezuva iroro.” Akaita vimbiso, iyo Maraki 4 akativimbisa kuti yaizodaro. Mharidzo yaizouya yaizodzoreredza vanhu kuMharidzo yepentekosti yepamavambo, uye neparopafadzo mamwe chetewo avakava nawo pazuva re. . . Chii ichocho? Ichapungu chine mapapiro 2, ose Testamende Itsva neYekare, chichipeperetsa vimbiso dzacho pamwe chete, dzaMwari, kuzadzisa izvo zvakataurwa nevimbiso dzeBhaibheri kuti chichaita. Amen.

¹⁵⁸ Mwari, vakapfuma netsitsi, havana kurega vanhu vaVo vachipinda musangano iri, “rakapfuma nehupfumi pamwe nezvinhu zvenyika,” Zera reChechi yeRaodhikia, asi Vaizogadzira nzira yekupukunyuka nayo. Zvitendei, vanhu. Mwari vakuropafadzei. Amen. Mwari vakapfuma netsitsi! Tsitsi dzaMwari, ndidzo chinhu chega chandinoshuvira. Kwete kururama kwaVo, kwete murawo waVo; asi tsitsi dzaVo ndidzo dzandinodanira. Mwari ndinzwireiwo tsitsi. Tese tine manzwiwo iwayo.

¹⁵⁹ Ndanga ndakatarisa. Pane mudzimai mudiki agere kunze uku kumucheto kwechigaro. Mune kadhi rokunamatirwa here kunze uko, amai? Hamuna. Regai ndikuratidzei kuti

Mwari vazere netsitsi. Manga muri kuhuta-huta chaizvo pano nguva pfupi yadarika, handiti? Zvakaipa chaizvo, uye maziso enyu atowedzera kuipa. Handizvo here? Ndizvozvo. Iye zvino achachinja. Mwari, vakapfuma netsitsi dzaVo, nokungokubvunzai kana muchatenda izvi. Zvino hamuna kadhi rokunamatirwa, hamuna chinhu; asi hausungirwe kuve naro. Munoono, inyasha dzapihwa kwamuri.

¹⁶⁰ Hapo pakagara muchinda mudiki akagara apo chaipo pamberi, aine mhando ye... agere kunze kuno chaiko. Ari kutambudzika nebundu pamuviri wake. Richangobva kuuya ipapo, munguva pfupi yapfuura. Handizvo here, changamire? Ndizvozvo. Hauzive kuti chii. Uri kuritya. Ndizvozvo. Rakakonzera neronda rekukuvira, handizvo here? Une kadhi rekunamatirwa here? Hauna kadhi rekunamatirwa. Hausungirwe kuve naro. Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo!

¹⁶¹ Oo, hama, hanzvadzi, tendai Mwari! MusaVapokane. Vatendei! Ndizvozvo.

¹⁶² Hepano pakagara murume, akapfeka sutu pfumbu, akapfeka magirazi. Tarisai kuno, changamire. Munotenda here? Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo. Makagara ipapo mune hernia. Munotenda here kuti Mwari vanokwanisa kukupodzai hernia iyoyo nekukuitai zvakanaka? Makagara apa chaipo panoperera chigaro, makanditarisa. Kana muchitenda kuti Mwari vanogona kupodza hernia iyoyo, Mwari vanozviita kwamuri kana mukazvigamuchira. Munozvitenda here? Muchazvigamuchira here? Zvakanaka. Munogona kuva nazvo kana mukangozvitenda, ivai netsitsi. Hongu, changamire.

¹⁶³ Heunoi mudzimai agere apa, ari kutambudzika nekusafamba zvakanaka kweropa mumuviri wake. Asi kana akatenda, Mwari vachamupodza, kana akazvitenda. Ndinotenda kuti achazvipotsa, zvehokwadi chaizvo. Ivaiwo netsitsi, ndiwo munamoto wangu. Ndanga ndiri kuona nechokure remudzimai wacho... Mai Riley, munotenda here kuti Mwari vanogona kupodza kusatenderera zvakanaka kweropa ikoko? Kana muchida, zvigamuchirei! Amen. Ingotendai. Mwari vakanaka, haVana here, Stella? Hongu. Ndizvozvo. Handisati ndamboona mudzimai uyu muhupenyu hwangu. Asi, Mwari, mutsitsi dzaVo!

¹⁶⁴ Heunoi mumwe mudzimai agere, akagara kumashure chaiko uko, kumashure chaiko, akanyatsonditarisa. Iye, zvakare, ane dambudziko rekusafamba zvakanaka kweropa mumuviri, zvakare. Anga achitofunga nezvazvo izvozvi. Handisati ndamboona mudzimai uyu muhupenyu hwangu. Nekuda kwekuti mumwe mudzimai uyu anga aine chinhu chimwe chete, nditarisei. Munonditenda here kuti ndiri muporofita waMwari, kana muranda waVo? Mune dambudziko remoyo zvakare. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Hamuchisina zvino. Mwari, vakapfuma netsitsi dzaVo, vari kuratidza kuti Vapenyu muno

muchivakwa manheru ano. Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo! Amen.

¹⁶⁵ Pangava here, vangani vatadzi nevakadzokera shure vangamira netsoka dzavo, uye voti, “Mwari, vakapfuma netsitsi dzaVo, ndinzwireiwo tsitsi?” Mirai netsoka dzenyu. Ndichakunamatirai, kana uchitenda kuti Vanoda...unoda tsitsi zvino. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, imi. Iwe wakadzokera shure, simuka netsoka dzako. Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo! Iwe uri—uwe...

¹⁶⁶ Chokwadi hausati wava nechiveve, muchinhano ichi, zvekuti haugone kuona kuti ndiyo vimbiso yacho chaiyo yenguva ino. Chokwadi hauna kunyanya kuputirwa musangano, nezvimwe zvinhu, zvekuti haukwanise kuona kuti iyi ndiyo vimbiso yenguva, Mwari vakapfuma netsitsi.

¹⁶⁷ Chero uri ani waungava, asimuka, ndichanamata muchinguvana. Ndinoda kuti iwe ugoenda kune imwe chechi yakanaka yeVhangeri rakazara uye—uye wo—uye wonobhabhatidzwa nerubhabhatidzo rweChikristu, Mwari vagokupa Mwewa Mutsvene.

¹⁶⁸ Pane mumwe here angamira netsoka dzake, uye woti, “Ini, ndinoda kurangarirwa. Mwari, netsitsi dzeNyu, ndirangarireiwo. Handina kurarama sezvandinofanira. Pamwe...”? Mwari vakuropafadzei, amai. Uye Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Ndizvozvo. “Mwari, vakapfuma netsitsi dzaVo, ndinzwireiwo tsitsi.” Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Pane here...?

¹⁶⁹ Vangani vamwezve vari muno, vanoti, “Ndichamira. Ndinoda kuti Mwari vazive kuti ndinoda tsitsi. Handina kurarama zvakanaka. Ndakararama nenzira *iyi* nenzira *iyi*. Ndanga ndichikwira nekudzika, asi ndinoda tsitsi dzaVo.” Mwari vakuropafadzei, hama. Mumwe munhuzve, iti, “Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo!” Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Ndizvozvo. Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo! Mwari vakuropafadzei, zvakare. Mwari vakuropafadzei kumashure uko. Mwari vanokuonai. Ingomirai netsoka dzenyu.

¹⁷⁰ Iti, “Zvingave nezvakanaka zvazvinoita here, Hama Branham?” Chokwadi. Simuka uone kuti zvakasiyana zvakadini.

¹⁷¹ Kana wakanyatsoperera mumoyo mako, Mwari vakapfuma netsitsi. “Havasi kuda kuti ani zvake aparare, asi kuti vose vasvike pakutendeuka.” Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo! O Mwari, tinzwireiwo tsitsi.

¹⁷² Zvino vangani vari muno zvino, vakabata makadhi iwayo okunamatirwa? Anga ari chii? MaA nemaB, handizvo here? MaA

nemaB. Vanhu vose vane kadhi rokunamatirwa maA, mirai kurutivi *urwu*, uye kadhi rokunamatirwa B vachamira seri kwavo.

¹⁷³ Hameno kuti pane vamwe vashumiri here pano vangada kutarisira kundibatsira. Kana varipo, vachida kuuya, ndingafara kuva nerubatsiro rwenyu—rwenyu pano, nokuti tichafara kunamata, nokunamata—kunamata nemi.

¹⁷⁴ Iri, Bhaibheri rakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Hongu, changamire. “MuZita raNgu vachadzinga madhimoni, vachataura nendimi itsva.” Takazviita here? Nyenyasha dzaMwari; kwete isu, asi Mwari vakapfuma netsitsi kuchengeta Shoko raVo. Mwari!

¹⁷⁵ Zvino, mahwiricheya, kana muchida kuaisa pazasi pano chaipo pamberi; tichavanamatira ipo pano, hatizofanire kuti tivandurudze neipapo, nepanzira yepakati pemacheya yose apo. Regai, zvakanaka, ngavauye kumusoro kuno chaiko. Zvechokwadi tichazvinamatira, mumwe nemumwe wedu. Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo!

¹⁷⁶ Mungamira here kudivi rerudyi zvino, kwemaminetsi mashoma? Hama Brown vauya nemi here? [Imwe hama inoti, “Vari kuuya mangwana.”—Mupepeti] Kuuya mangwana. Nda—nda—ndanga ndichitarisira kuti vachange vari pano. Varipi, Hama Outlaw varipi, varipi Hama Fuller? Vamwe vevanhu ava vaiva neni kumusoro kuno pandakatanga kuuya, ngatidzokei. Munorangarira here mitsara yekunamatira yechinyakare iyi, pataisimbomira ipapo kusvikira matoita wekundibatirana nerimwe divi, uye mumwe ari kune rimwe divi, ndaipera simba zvikuru?

¹⁷⁷ Vangani vaive mumisangano iyoyo kare-kare pakutanga? Tarisai pano. Munorangarira kumashure uko, ndakakuudzai kuti Ishe Jesu vakandiudza kuti, kana ndaizoperera, kuti zvinhu izvi zvaizoitika. Ndizvo here? Hatina kumbova nezvakadaro muzuva iroro. Asi zvakaitika, nokuti Mwari vakapfuma netsitsi dzaVo, uye vakavimbika kuvimbiso yaVo. Ameni! Ndiri kuedza kuchirega, asi handikwanise. Ameni! Mwari ngavarumbidzwe! Hareruya! “Oo, ndinofara kwazvo nokuti ndiri mumwe wavo!” Ameni. Oo, ini zvangu!

Kune vanhu potse kwese-kwese,
Mwoyo yavo yose iri kubvira
NeMoto wakawira paPentekosti,
Wakavashambidza uye ukavachenesa;
Oo, Uri kubvira zvino mukati memoyo wangu,
Oo, kubwinya kuZita raKe!
Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
kuti ndiri mumwe wavo.

¹⁷⁸ Oo, ini, ndaisiririsa, ndakasuwa, murombo anosiririsa akapofomara, sezvandaiva; uye zvino netsitsi dzaVo, tsitsi dzaVo

dzakapfuma, ndava kuona Humambo hwaMwari huchioneka. Amen. Iyo Mirairo YaKe yakanaka kwazvo!

¹⁷⁹ Mirai ipapo, hama yangu, nedondoro renyu. Kana musingakwanise kusimuka, zvakanaka, mirai ipo pano, tichauya kuzasi chaiko uye tokunamatirai.

¹⁸⁰ Uye zvino maA nemaB, emakadhi ekunamatirwa, ngavaite mutsara kune rimwe divi uko, uye tichavanamatira.

¹⁸¹ Hama vashumiri, muri zvirokwazvo, kana muchitenda mukaturika maoko pamasoro pevanorwara, imi huyai kuno chaiko mumire neni papuratifomu ino. Tiri kuzonamatira vanorwara.

¹⁸² Zvino kwamuri imi vanhu makamira mumutsara uyo, kana muchigona kutenda Hupo hwaMwari huri pano, kuti Mweya Mutsvene uri pakati pedu zvino, uchiita chaizvo zvaWakati Uchaita. Dai ndaiva nesimba rokukupodzai, zvirokwazvo ndaizviita. Dai ndaiva neimwe nzira yekukupodzai, zvirokwazvo ndaizviita. Handinayo. Ini. . . Mwari vakapa chipo chidiki.

¹⁸³ Handisi muparidzi zvakananyanya. Handina dzidzo yakakwana kuti ndinganzi ndiri muparidzi, uyo anonzi muparidzi mumazuva ano, apo—apo zviitiko zvinofanira kuva chiitiko chedzidzo yebhaibheri, uye chinofanira kuva nerimwe dhigiriri rachiremba, nezvimwe zvakadaro. Handikwanise kukodzera izvozv. Asi Mwari, vachiona mwoyo wangu, uye vachiziva kuti ndinoda kuVaitira chimwe chinhu, ndinoda kuzvitenda.

¹⁸⁴ Mumwe murume akati kwandiri rimwe zuva, akati, “Ndinofunga kuti munongori munhu akanaka, VaBranham, asi ndinotenda kuti mukuperera kwese makarasika. Muri kunze kwekuda. Munoziva here kuti muchapomerwa kumagumo?”

¹⁸⁵ Ini ndikati, “Tarisai, ndinoda kukuudzai chimwe chinhu. Ndiri kuzotaura kuti imi—kuti imi munoreva chokwadi, kungotaurawo zvangu pakuitirana nharo. Kana ndiri kukanganisa, izvo ini—ini handitendi kuti ndiri; asi dai ndaikanganisa, uye ndaiziva iko zvino kuti ndaizorarama kusvika makore 100, uye Vaizondipomera pamagumo enzira, vondiudza kuti, ‘Haukodzeri kuuya Kudenga raNgu, William Branham. Buda uende murima rokunze.’ Munozivei? NdaizoVashumira mazuva ose ehupenyu hwangu kusvikira ndaenda, zvakadaro. Nokuti ndakagamuchira zvakananda kwazvo zve maropafadzo aVo andisingakodzeri, zvekuti Vanopfuura hupenyu kwandiri. NdiVo zvese izvo ini. . .”

¹⁸⁶ Zvose zvandiri, zvose zvandaigona kutarisira kuva, ndakazviwana kubva munyasha netsitsi dzaVo. Ndaipisa tsitsi, ndakasuwa, ndiri murombo, ndiri bofu; asi nyenya Vakandipodza, uye ndakasimba uye ndakagwinya, nyenya dzaMwari. Ndine maziso anoona zvakanaka. Ndinodya,

nokunwa, ndine zvose zvandinoshuva. Havana kumbovimbisa kuti vachandipa zvandinoda; zvinodikanwa pandiri.

¹⁸⁷ Uye kana ndikaraswa pazuva iroro, uye ndichiziva... Ndisiri kuona kwandinenge ndiri. Asi kana ndaiziva kuti ndanga ndichikanganisa, uye Mwari vakandisarudza kuti ndive anokanganisa, ndingada kugara ndichikanganisa, uye nokuti ndinoda kuita kuda kwaVo. Ndizvo, ndinoVada kusvikira ndinoda kuti kuda kwaVo kuitwe. Zvino, ichi chirevo chikuru, asi ndinovimba kuti munochinzwisisa nenzira, mweya wandachitaura nawo. Munoono, ndinoda kuita kuda kwaVo. NdikaVakumbira chimwe chinhu pane imwe nguva, Vozungudza musoro waVo kuti “kwete,” ndinongofara zvikuru pamusoro pazvo chaizvo sezvandingaita kunge Vati “hongu.” Nokuti, tinofanira kugara tichikumbira kuti, “Kuda kwenyu ngakuitwe.” Anakwete vaVo vakangoita se...kana kuri kuda kwaVo, kwakango...Zviri nani chose kupfuura hongu dzaVo, kana kuri kuda kwaVo kuzviita. Ndipo apo paunonyatsoVada. Amen.

¹⁸⁸ Ndikatangana kutaura nezvaVo, handitongokwanise kumira. Oo, ndeVamazvirokwazvo chaizvo, mazvirokwazvo chaizvo kwandiri! Shamwari, ndiVo—ndiVo zvese zvandiri, zvese zvandingava, zvese zvandingatarisira kuva, zvakavakirwa muna Kristu Jesu, Shoko raVo.

¹⁸⁹ Ndinotenda manheru ano nehuchapupu hweMweya Mutsvene, hweMharidzo. Ndinoziva kuti zvingadaro, vamwe vangasabvumirana naYo, asi sezvandakuudzai, ndine mungava kuMharidzo. Chiratidzo chakabuda, uye Mwari havatumiri chiratidzo kungoratidza kuti ndiVo Mwari. Mharidzo, Inzwi rinogara richitevera chiratidzo. Chero ani zvake anozviziva.

¹⁹⁰ Jesu akauya nezviratidzo nezvishamiso. Akanga ari Munhu mukuru chaizvo paAiita zviratidzo nezvishamiso, asi paAkatanga kugara pasi nokutanga kuunza Mharidzo, “Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe,” oo, ini zvangu, zvaive zvisizvo kwavari. Maona? Asi Inzwi raifanira kutevera chiratidzo.

¹⁹¹ Mosesi akapihwa zviratidzo 2, uye chiratidzo chimwe nechimwe chaiva nenzwi. Ndizvozvo. Ndakaparidza nezvazvo pano pane imwe nguva yakapfuura, pane imwe nzvimbo, pamusoro pe, *Inzwi ReChiratidzo*. Zvinofanira kuva neI—Inzwi rechiratidzo. Zviri kushanduka. Zvagara zvakadaro. Kana zvisirizvo, ipapo hazvina kubva kuna Mwari.

¹⁹² Kana munhu akauya neshumiro isina kujairika isinganzwisisike, inowanikwa muBhaibheri kuva Chokwadi, uye murume iyeye oramba ari mudzidziso yakare imwe chete iyoyo yesangano, kanganwa nezvazvo. Hapana nezvazvo! Mwari havaiti chinhu chakadaro. Chinhu ichocho, imana yakawora ine majuru mairi, kana maburuwuru, kana chero chaunoda kuzvidaidza, yakabva makore 40, 50 akapfuura, vachiri kuedza

kudya mana iyoyo yakare yakadonha makore akapfuura. Uye vana velsraeri, parwendo rwavo, mana itsva yaidonha husiku hwega-hwega. Ndizvozvo, waisagona kuichengetera mangwana.

¹⁹³ Hatirarami nezverimwe zera rakapfuura. Tiri kudya Mana itsva, Mana ichangobva Kudenga, murwendo rwedu tichifambira mberi.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

¹⁹⁴ Ishe Mwari, Muri vemazvirokwazvo chaizvo, Hupo hweNyu. Ndinofunga nezvenyasha, Ishe. Isu—isu tichangobva kukuonai Muchiita zvinhu zvakawanda kwazvo! TakaKunzwai Muchitaura nendimi, tikakuonai Muchidzidudzira, kubudikidza nevanhu veNyu. O Mwari, kuKuonai muchipodza vanorwara, muchizarura meso emapofu, muchiita kuti vakaremara vafambe, matsi dzinzwe, zvimumumu kuti zvitaure, muri Mwari mukuru uye ane simba kwazvo!

¹⁹⁵ Uye zvakare kuona kuti Makavimbisa izvi mumazuva ekupedzisira, kunyange tiine kutevedzera kwakawanda panyama, zvakadaro zvinongozivisa kuti kuna Mwari chaiye, pane imwe nzvimbo, zvehokwadi ari wechokwadi. Uye ndinonamata, Baba voKudenga, manheru ano, kuti tive vanhu vanoziva kuvepo kwaMwari zvekuti tinoona kuti Muri pano.

¹⁹⁶ Uye vanhu ava vari mumutsara, kana vopfuura nemumutsara uyu, Ishe. . . nokuti tiri kuita izvi nokuda, kwekuti takavavimbisa. Uye Makati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.”

¹⁹⁷ Hedzino hama dzinoshumira dzakamira pano, varume vaMakasarudza, nyika isati yavambwa, kuti vave zvavari manheru ano. Maiziva, kusati kwave nenyika, kuti taizomira pano manheru ano, nokuti haMuna magumo.

¹⁹⁸ Saka tinonamata, Baba voKudenga, manheru ano, kuti apo vanhu vanorwara ava, vakaremara, mapofu, vakaremara, vakabatwa nekenza, chero zvazvingava, vanozopfuura nemumutsara uyu, dai vacherechedza kuti Mwari chaivo vanoziva zvakavanzika zvemoyo vachavapodza, kana vakangozvigamuchira chete, vongotarisa uye vonzwisisa.

¹⁹⁹ Munhu akatarisa nyoka yendarira semuprisita. . . chimedu chendarira, haaizombopodzwa, nokuti akanga asinganzwisisi kuti chaiva chii.

²⁰⁰ Uye nhasi, Ishe, zvimwe chete. Kana vakatarisa pachipo, vofunga zvokuti chinokwanisa kuvabatsira, havana nzwisiso. Zviri pakusimbiswa kweHupo hwaMwari huri pano kuzopodza. Zviitei, Baba. Ngazviitwe, muZita raJesu. Amen.

²⁰¹ Ndinoda kuti muridzi wepiyano mudiki, kana angadaro, murume kana mudzimai, chero waangava, kuti aende uko onoridza rwiyo urwu, “Murapi mukuru zvino ava pedyo, Jesu

anonzwira tsitsi,” kana angadaro, chero paari muridzi wepiyano. Zvino ndizvo . . .

²⁰² Ndinorangirira imwe yeshumiro yangu yokutanga yokunamatira vanorwara, Fort Wayne, Indiana. Musikana mudiki wechiAmish akagara, achiridza piyano iyoyo, “Murapi mukuru zvino ava pedyo, Jesu anonzwira tsitsi.” Kamwana kadiki kakaunzwa kwandiri papuratifomu, kaive kakaremara. Zvino pandakanga ndichinamatira kamwana aka, kakasvetuka kubva mumaoko angu ndokumhanya nepapuratifomu kachidzika zasi. Amai vacho vakabva vafenda. Mbuya vacho vakakanda hengechepfu yavo mudenga, ndokutanga kuchema.

²⁰³ Uye musikana mudiki uyu wechiAmish zvino, asina kana chaaiziva nezve maPentekosti, nokuti akanga ari wechечи yeAmish; asi akanga achiridza. Bvudzi rake refu rakawira pasi; akasimuka muMweya ndokutanga kuimba nendimi dzisingazivikanwi, uye . . . uye achienderana nemutinhimira werwiyo irworwo. Zvino zviridzwa zvacho zvepiyano zvaifamba zvichikwira nekudzika, zvichiridza, “Murapi mukuru zvino ava pedyo, Jesu anonzwira tsitsi.” Ameni! Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

²⁰⁴ Zvino ngatinamatei zvino apo . . . Zvino munhu wese ngatinamatei kunze uko. Imi vanhu vari kuuya nemumutsara, patinoisa maoko pamusoro penyu, rangarirai, Jesu akati, “Kana mukazvitenda, munopora.” Munozvitenda here? Zvino ngatiimbei tose zvino.

Murapi mukuru zvino ari pedyo,
Jesu anonzwira tsitsi;
Anotaura . . .

Ngatingovharai maziso edu zvino tichiimba.

. . . mwoyo kufara,
Oo, inzwai Inzwi raJesu.

Rusambo rwunotapirisa murwiyo rweserafimi,
Zita rinotapirisa parurimi rwunofa,
Rwunotapirisa . . . (Baba Mwari, fambai
pamusoro pevanhu zvino) . . . rwakaimbwa,
O Jesu, Jesu akaropafadzwa.

Mukuru . . .

²⁰⁵ Zvino pauri kufamba uchipfuura zvino, Ari pano. Tora shoko rangu, kana kuti ritende pachako, Ari pano. Munhu wose iva mumunamato kunze uko zvino uchiitira vanhu. [Hama Branham vanonamatira vanorwara, Hama Borders vanoenderera mberi nekuimba *Murapi Mukuru*. Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

O Ishe, ndinotenda, O Ishe, ndinotenda;
Zvinhu zvose zvinogoneka, O Ishe, ndinotenda.

206 Vese vanotenda, simudza ruoko rwako sezvizvi, uti, “Ndinotenda.” [Ungano inoti, “Ndinotenda.”—Mupepeti]

207 Hepano pakagara murume apa. Chikonzero ndanga ndichienderera; kutaura, ari kufa nekenza. Ari padondoro iri. Hapana nzira munyika yekuti murume uyu ararame, kunze kwaMwari. Ane kenza nemuura hwose, uye ari kuzofa kana dzisiri tsitsi dzaMwari. Uye ndinoshuva kuti dai ndaingogona . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . shoko rekurudziro kumurume uyu.

208 Imi, munoziva kuti vanachiremba hapana chavangakuitirai zvino. Madarika izvozvo, munoona. Uye muri . . . Munongova nemukana mumwe chete, uye ndeuvo uri muna Kristu, munoona. Uye, hama, imi . . . Ndichafa rimwe zuvawo, zvakare. Munofanira kuenda, kana Jesu akanonoka. Ndinofanira kusangana nemi ikoko, makamira ipapo paDare roKutongwa. Uye husiku huno . . .

209 Munoziva, semuterevhizheni, terevhizheni yakatora kuti pese patinofambisa chigunwe chedu, chero chinhu, zvinorekodhwa. Izwi rese ratinotaura, rakarekodhwa. Zvino, munoona, terevhizheni yakaratidza izvozvo. Zvino, terevhizheni haigadziri mufananidzo, inongofambisa saisai iroro muterevhizheni. Munoona, haiugadzire. Paive neterevhizheni apo Adhamu akafamba panyika, paive neterevhizheni apo—apo Mosesi akapinda nomuGungwa Dzvuku, paiva neterevhizheni apo Eria paaiva paGomo reKarimeri, munoona, asi zvino ndipo pavachangobva kuiwana. Maona? Uye zvino kwose-kwose ini . . .

210 Kufamba kwese kwatinoita, neruzha rwese, kuri kuridza rekodhi richasangana nesu paKutongwa. Kufamba kwese kwatinoita kunofanira kusangana nesu ikoko. Ndinofanira kupindurira mashoko andinotaura kwamuri, semushumiri. Ndinofanira kuzviita, nokuti Mwari vachandiita kuti ndidavirire pazviri.

211 Zvino dai ndaigona, ndaikupodzai; nokuti mune nguva shoma, dai vasiri Mwari zvavo. Zvino, ndaburuka ndikakunamatirai, zvose zvandaziva kuti ndiite. Hama, chero chinhu chiri munyika, chandingagona kuitira munhu akagara apo ari muchinhano ichocho, ndaitochiita.

212 Uye regai ndikubvunzei, munoona. Imi—imi—imi makatopora kare, nokuti Jesu akati makatopora. Munoona, “Nemavanga aKe takapodzwa.” Zvino kana mukakwanisa, kubva pakadzika pemoyo wenyu, kuzvigamuchira, hamuzofe zvino, asi muchararama.

213 Zvino, munoona, zvino tinoziva kuti terevhizheni iri kuuya nemukamuri muno. Tinozviziva izvozvo. Hatizvione. Hatigoni kuiona, maziso edu haana kugadzirwa, pfungwa dzedu

hadzigoni kuibata. Zvinотора chubhu yakagadzirwa, kana chero zvachingava, kristari, kuti izvibate izvozvo.

214 Naizvozwowo Mwari vari pano. HatiVaoni, asi tinoziva kuti Vari pano. Jesu Kristu mumwe chete. Tarisai, Angobva kuZvizivisa, maitiro aAnozviita. Zvino, kana zviri zvekupodza, dai kuti Akamira ipo pano zvino, hapana chimwezve chaAizogona kukuitira, munoona, hapana chimwezve chinhu. Kana dai Mwanakomana waMwari akamira ipo pano, izvo Ari, Ari pano, asi hapana chimwezve chaAikwanisa kukuitira, nokuti AtoZviratidza kare pano. Maona? Uye Ari pano iko zvino, mumwe chete, kuti akupodze nokukuita kuti uve zvakanaka.

215 Zvino mudzimai mudiki uya akandiudza, akati, “Makakumbira ropafadzo, uye mukaporofita kana chimwe chinhu,” pamusoro pake, kuti aizova nemwana, akagara muwiricheya iyoyo. Uye akadaro, akaita mwana wake.

216 Uye zvino mudzimai mudiki akagara pano. Zvino akanga aitwa oparesheni yehumbu, uye ikamuomesa mitezo. Zvino, tinongona zvakananda zvezvinhu izvozvo zvichiitika. Zvino, hanzvadzi, diki, ndinoziva kuti muri Mukristu wechokwadi. Kutu sei Mwari vakakuregai makagara ipapo, handizivi. Ndinotenda, pamwe, imhaka yekuti mune . . . Kutenda, imi—imi muri kuedza kuva nokutenda, kuti mubve ipapo, munoona; asi zvino tarisai, ngatiregei kungoedza kuva nako, ngatingovei nako zvino, munoona, tinongo—tinongofanira kuti tisvikepo. Ndizvo zvoga zviripo kwazviri, zviri kuzotanga izvozvi, uye tichapora. Uye imi vanhu kunze uko muzvigarro izvo, chii, kana—kana chero zvauri, ingorangarira kuti Kristu ari pano.

217 Zvino, unoti, “Pane munhu here . . .? Munoona here mufananidzo wangu uri kudarika?” Oo, hongu.

218 Kunyange Mashoko aJesu Kristu, aAkataura paAiva pano panyika, ari kupfuura nemukamuri ino. Haafi akafa. Vangani vanoziwa kuti ichokwadi chinotsigirwa nesainzi? Zvinoka, chii ichocho? Zvino Mweya unотора Shoko iroro rakanyorwa, uye woRiratidza. Oo, kubwinya!

219 Vari pano. Vari pano iko zvino, Ishe. Tango . . . Taona zvakananda, Vakaita zvakananda, kusvikira tangoita sekunge, munoziva, kungoita sekugumburwa nazvo. Kana tikacherechedza, kwete chimwe chinhu chengano, chimwe chirevo chezvidzidzo zvebhaibheri; asi humbowo hwaVakavimbisa kuti Vaizviratidza pachaVo muzuva rino, hevanoi aVa vachizviratidza pamberi pedu chaipo iko zvino. Chinhu chinoshamisa kwazvo! Hazvisi zvakanakisa here?

220 Zvino imi tendai. Muchazvitenda here? Tendai kuti hamusi kuzofa. Muchararama, uye muchakudza Mwari. Muchakudza Mwari. Makambobhabhatidzwa here? Muri Mukristu, muri here? Uye muri Mukristu. Zvino, munoda kurarama kuitira kuti

Mwari vakudzwe. Zvino chiendai henyu munorarama, hama yangu. MuZita raJesu Kristu, raramai!

²²¹ Uye, hanzvadzi, munoda kufamba kuitira kubwinya kwaMwari, uye nokuchengeta mwana wenyu; zvino fambai, hanzvadzi, nemuZita raJesu Kristu!

²²² Imi, mumwe nomumwe wenyu, itai zvimwe chetezvo, muZita raJesu Kristu! Musakanganwe iyi Westward Ho Motel pano manheru ano, Hupo hwaMwari huchiratidzwa pano. Havana munhu wavanoremekedza. Vanongoda chete kuti utende. MunoVatenda zvino here? Ameni. Mwari vakuropafadzei.

²²³ Ngatikotamisei misoro yedu zvino. Handizivi kuti vasarudza ani, kuti—kuti atiparadzanise. Hama Mushegian pano, huyai ipo pano, hama. Vari kuzotiparadzanisa nemunamoto. Mwari vakuropafadzei. 🐦

65-0119 Mwari Vakapfuma Netsitsi
Westward Ho Hotel
Phoenix, Arizona U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org